*А. Бегимов*

# ЖАНГАРҒАН УЛКЕ

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ

Асан Бегимов

# ЖАНГАРҒАН УЛКЕ

*Қарақалпақ мамлекет баспасы.*

НОКИС—1960

## ЖАНГАРҒАН УЛКЕ

Ктап оқушыларға усынылып отырған белгили жазушы марҳум Асан Бегимовтынг „Жангарған улке“ атлы топламына онынг поэзия ҳамь драмалық жанрдағы шғармаларынан бир неше жыллар дауамында доретилген минетлери киргизилген. Топламға кирген қосықлар, поэмалар, гуррингглер ҳамь бир актлы пьеса жазушынынг белгили бир дауирдеги творчестволық жолын корсету, онынг творчествосыменен оқушылар массасын елеле болса кенгирек таныстыру мақсети назерде тутылып, артық-аспай озгериссиз жберилип отыр. „Жангарған улке“ топламындағы шғармалардынг копшилиги дерлик (поэмалар ҳамь „Ленинград даптеринен“ атлы қосықлар циклынан баскасы) бурын Қарақалпақ мамлекет баспасы тарепинен басылмаған шғармалар. Ҳарбир қосық, поэма, гурринг, пьеса белгили бир даурдеги белгили бир сияси мапазды ямаса тарихи уақияларды корсетуи жағынан адебият тарихы козқарасынан ктап оқушыларымыз ушын белгили аҳмиетке ие. Мсалы: „Жанга алип“ (1929) қосығында жазушы ҳаммени озь уақтында прогрессив роль ойнаған латын ҳарибин уйренуге, жазуға, сойтип, араб ҳарибине тыым салуға шақырды.

Бул қосықта:

Жанга ҳарип комитети—
Баслап жумыс кзады,
Жанга ҳарипти—
Қаллаш билсе,
Араб ози-ақ тозады,—

дейди. Бунда шаирдынг бул теманы козғағандағы мақсети жанга менен ески арасындағы гуресги корсетеди ҳамь жанганынг ески устинен женгип шғатуғынын исенишли турде баян етеди.

„Атлан иним“ қосығында жасларды оқып, хат-сауат ашуға, минеткеш халқты колхозға круге тусиндируге шақырады.

„Жанга аул“ Қосығында жазушы қарақалпақ аулынынг жанга келбетин, мадениятгынг аулға араласқанын, бурынғы камбағал адам Жадиктинг колхозға крип бахытлы турмыста жасағанын айтады. Сондай-ақ усы қосықта жазушы жалқаулықтынг социалистлик жамиетимизге жат екенлигин корсетуменен бирге ҳаял-қызлардынг колхозда уллы куш екенин жырлайды.

Топламға кирген басқа қосықлардынг-да усылар сиақлы ҳарқайсысынынг озь аҳмиети бар.

Сонлықтан Қарақалпақ мамлекет баспасы жазушынынг бурын газета, журналларда ямаса жуда характерли топламларда шықса-да сонг тутасқан туринде шықпай журген қосықларын бир жамлеп шғаруды мақуллады.

Жоқарыда корсетилгендей-ақ жазушынынг „Жангарған улке“ топламына киргизилген минетлерининг копшилиги ертеректе жазылған ҳамь озь уақтында газеталарда, журналларда басылған минетлеринен болып есапланады. Мсалы: „Жанга алип“ (1929), „Колхоз аулы“ (1931 жыл), „Атлан иним“ (1930), „Мойнақ“ (1933), „Капитан“ (1933), „Колхозшынынг қосығы“ (1934 жыл). „Крис иске“ (1934), „Жазылды тарих бетине“ (1934) қосықлары ҳамь „Сапура“ поэмасы (1938) тағы сондайлар ертеректе жазылған минетлеринен болып есапланады. Сонынг ушында ол қосықларда „Жамайым“, „Қаллаш“. Социаллық“ ,„Жабдилесу“, „Ылғаллы“ деген тағы сондай созлер сол даурде қолланылған терминлер еди, оларды озгертпей солайынша жберилди.

*Турдымурат* ***Нажимов.***



**ЖАНГА АЛИП**

Жанга алип
Келди араға,
Қию-қию сырланып,
Сырланған хат,
Жазылып тур
Тарам-тарам ырғалып,
Булбил кустай,
Болып куштар,
Оқыр ҳамме берилип.
Қурып араб, (алип)
Латын (алип) тарап,
Кетти араб сирылып.
Жанга ҳарип
Комитети
Баслап жумыс қзады,
Жанга ҳарипти.
Қаллаш билсе,
Араб ози-ақ тозады.

*1929-жыл, 14-июль Торткул*

## АТЛАН ИНИМ

Иним—
Ал блим,
Бул саған ақылым,
Ал акыл.
Корсенг макул,
Созь айттым қарағым.
Иним—
Блим ал,
Кулак сал,
Айтар созиме
Созим бул,
Уғып бил,
Оқуға зейин сал.
Иним—
Оку блу
Сауатты ашу,
Бугин тангда „парыз“ бул.
„Парыз“ бул,
Қарыз бул.
Оку-окып хат тану.
Танынг хат,
Аманат,
Бул саған насият.
Иним—
Тағы созим,
Саған уллы бир гапти.
Иним—
Хат тану,
Атлану,



Баслауш окуға
Сенде-калма,
Ҳарма, талма,
Оқуға атлан миннетли.

---

Иним—
Ал қарағым,
Жан шрағым,
Саған жаздым салем хат.
Салем хатым,
Насиятым
Болар сизге қол қанат.
Иним—
Журт умтылды,
Иске кол урды,
Сен-де қалма бул истен:
Бул—бир жамай.
Батрақ, малай,
Жабдилести колхозға.
Колхозға крип,
Жерлерин сурип,
Тоқ турмысқа қол созды.
Иним—
Миннетли исинг,
Колхозға тусинг,
Деп айт халққа созингди,
Айтсанг созди,
Бирлескен озды,
Деп қаллашқа созь айтынг.
Иним—
Кирмегенди,
Билмегенди,
Тарт колхозға круге.
Олар кирсе,
Жабдилессе,
Хожалығы удейди.
Иним—
Минетингди,
Бул исингди,
Атқар шаршап—талмастан,
Бул жумыста,

Ис жарыста.
Буған кесент болмасын.
Иним—
Болса кесент,
Етпей псент,
Сапластырмай қоймангыз.

*1930-жыл, Алма-ата.*



## КОЛХОЗШЫНЫНГ ҚОСЫҒЫ

Шғып едим дарьяны мен жағалап,
Тонглар кетип, су ағыпты сарқырап,
Колхозшылар жумысына ғайрат сап,
Иске кирген бугинги кун колхозшы.

Колхозшылар атызында шадланған,
Забердеслик исти олар атқарған,
Ҳарь бригада озь ислерин басқарған,
Бугинги кун ылғал салып колхозшы.

Корсем бугин колхозшылар гулленген,
Ислерине пать ендирип турленген,
Атызларын тогин менен дондирген,
Бугинги кун ылғал салып колхозшы.

Тогинге толтырып арба айдаған,
Минетке қумартып, белин байлаған,
Бежерип жерлерин жақсы сазлаған,
Бугинги кун ылғал салып колхозшы.

Қарап турсам истинг қызған бул шағы,
Большевиклик егистинг-де нақ шағы,
Еситилди колхозшынынг ҳауазы,
Бугинги кун ылғалланған исинде.

Колхозшы атызда қосық айтады,
Минеттинг ҳауазын бугин салады,
Мазмуны косықтынг мнау болады.
Тынгласангыз колхозшынынг қосығын.

Озал бастан туған минет еримен.
Кунде корген қолымдағы белим менен
Жериме жақсылап тогин тогемен,
Минет ери биз колхозшы баласы.

Ерте турып таярланып исиме,
Сынаман блектеги кушиме,
Жол бермеймен, бай кулақтынг исине,
Минет ери биз колхозшы баласы.

Жумысты жақсылап қолға аламан,
Ҳарь исимде ылғаллы мен боламан,
Басқаларға улгили ис қламан,
Минет ери биз колхозшы баласы.

Муқиятлап жеримди мен сазлайман,
Трактор менен оны бугин айдайман,
Харам шопти атызымда қоймайман,
Минет ери, биз колхозшы баласы.

Таярлықты ерте қолға аламыз,
Планды биз толық баржай кламыз,
Пахта ушын гуреске ҳаруақ таярмыз,
Ылғал салып биз колхозшы баласы.

Пахта егип жойбарымды толтырып,
Зураатли иске барьҳа тақ турып.
Былтырғыдан еки есе арттырып,
Зураатти мол аламыз колхозшы.

Шаршаған коликке демди беремиз,
Сынған асбап қуралларды дузеймиз,
Большевиклик исти барьҳа ислеймиз,
Сойтип бизлер қурғын колхоз боламыз.

Колхозшынынг барин қурғын етпеге,
Колхозды большевик колхоз етпеге.
Мадени турмысты жақсы дузбеге,
Ис ислеймиз биз колхозшы баласы.

Бай-кулақтынг осегине инанбаймыз,
Арадан оларды тауып айдаймыз,



Жалкауды, душпанды аяп қоймаймыз,
Ис жузинде оған тепки беремиз.

Блекте кушим бар ҳарып талмастай,
Жалқауланып иске гедир болмастай,
Атызда ислеймен барьҳа шаршамай,
Биз ғайратлы колхозшынынг баласы.

* * *

Атызда жанграртып нама салады,
Тынглай берсем усындай сес шғады,
Шады қуррам атызында болады,
Мне, бугин колхозшынынг қосығы.

*1934-жыл, март. Торткул.*

## КРИС ИСКЕ

*(1934-жылдынг егис мапазына)*

Ис палуаны колхозшылар,
Крис иске ҳазирленинг:
Минеткеш дара диқанлар,
Шаққан иске ҳазирленинг.

Ҳасыл егин пахта ексенг,
Жақсы жерге тогин токсенг,
Мол аларсанг ҳасылды сен.
Ерте бастан ҳазирленинг.

Ески асбап құрал-сайман,
Гунде ағаш ҳамь самиян,
Снып жатса булар ҳаман,
Дузетингиз, ҳазирленинг.

Трактордынг ремонтын,
Бузылғанда кем-кетигин,
Жақсы қойып ҳарь винтигин,
Тезлет иске, ҳазирленинг.

Қыздыр патти, ҳауижлендир,
Ылғалланып пешингди турь
Жерингизди жақсылап сурь
Крис иске, ҳазирленинг.

Ғайрат салынг колхозшылар,
Большевиклик уллы иске,



Қолға алған уллы жойбар,
Орынлансын бугин исте.

Бугин бзинг уллы сурен,
Колхозшылар тоқ болсын,
Колхозымыз барлық исте,
Большевикше алда болсын.

Пахта, егин осирейик,
Иске патти ендирейик.
Кесапатлы кулакпенен,
Гурести биз гужитейик!

*1934-жыл, 6-февраль. Торткул.*

## ЖАЗЫЛДЫ ТАРИХ БЕТИНДЕ

*(2-кенгеслер съездинде оқылған)*

Байрақлар бугин желбиреп,
Шаншылды таудынг устинде,
Ҳауазлар бугин салынып,
Тартылды майдан сестине.

Желбиреп тулар ойнады,
Бугинги майдан дастинде.
Шертилди, қобыз шалынды.
Бугинги табыс устинде.

Кешеги куннинг ишинде,
Тилсиз бир сакау гунг болып,
Қобызым менинг шертилмей,
Буғауда ол бир гурмелди.

Дутардынг тары узилип,
Гурмелди тилим қиылды,
Қанды сорып танди жеп,
Шақты жлан кемирди.

Шакмактынг тасы жарқылдап,
Бурқылдатты жер шарын,
Толқынлар ол бир арсылдап,
Шғарды қобыз ҳауазын.

Ҳарлаған қзыл кеменинг,
Басында бзинг капитан,



Беккемлеп услап рулин,
Баслады жолды ол бабам.

Баслаған жолы коркейип,
Куннен-де кунге улғайды,
Дутардынг тли кенгейип,
Намасы шынтлап шалынды.

Дутардынг жолы табылып,
Шғарды бугин ҳауазын,
Қиядан кран кус алып,
Тартты бир нама жангасын.

Жанга намам курылыс,
Социаллық уллы ис.
Қалдырмай соны жырлайтуғын,
Дутарым менинг қалем, куш.

Қалемим дутар, тлим саз,
Саламан жинап наманы,
Айқасқан бизде қос блек.
Тартты майдан сестине.

Қобызым менинг шнгырап,
Сайрады табыс устинде,
Табылған уллы бул табыс,
Жазылды тарих бетинде.

*1934-жыл, 19-декабрь. Торткул.*

## МОЙНАҚ

Таллыктынг—
Аяқ жағында,
Арал тенгиз бойында
Мойнакты
Кордим мен бугин.
Социаллық
Қурылыс—
Бугинде
Қайнаған.
Арал тенгиз
Ишинде,
Пароходлар—
Айқасқан.
Лек-лек—
Болып қайыклар,
Промыселде—
Қайнаған.
Жайнаған онда—
Адамлар,
Багонекти—
Ал суйреп.
Балықларын тасыған.
Екинши—
Жерде
Олардынг—
Ишин жарып
Ақтарып—
Тазалап аткан сан адам.
Бринен сонг
Бреуи,
Исти атқарып атырған.
Кабат—
Кабат
Ақ уйлер—
Бугинги кун салынған.
Бринши ҳамь—
Екинши,
Басқыш мектеп ашылған.
Еки шақырым
Мойнақтан,
Қашығырақ
Жеринде,
Консерва заводы орнаған.
Онынг менен
Тағы-да
М. Р. С.—бугин
қурылған
Онда енди адамлар,
Техниканынг—
Адисин,
Уйренуге умтылған.
Рабочий—
Бир—брин,
Жарыспаққа шақырған,
Балықшы—
Газет,
Бул шғып,
Батрак—



Қаллаш бауырынг.
Пролетариат—
Жамайдынг
Ортасында
Жайылған.
Мадениyат
Кун сайын
Алға қарап улғайған.
Рабочий—
Театр—
Онда бугин ашылған.
Партиянынг
Суренин
Ол ҳамь жайып отырған.
Бурынғы—
Откен заманда,
Мойнақ пенен—
Аулда—
Усылардынг
Бреуи-де жоқ еди.
Бугин—
Корсем,
Мойнағым,
Социаллық кала боп,
Куннен-кунге—
Жайнаған.
Онда ондириске—
Коп адам,
Жергиликли—
Халқтан иске—
Тартылған,
Мне оған—
Усы уллы куш.
Тағы-да—
Мен усында,
Тарихтан
Созди айтпай-ақ
Берги жерден
Басласам:
Буннан
Он бес жыл бурын
Молла—
Ишан,
Байлардынг—
Аулдағы балалары.
Калима—Шадет—
Қайтарып
Дауир айтып,
Мешитте—
Отыратуғын
Еди сол уақта.
Мне,
Бугин мен корсем
Батрақ—
Қаллаш ағамнынг
Пролетариат—
Жамайдынг
Жанга оскен—
Балалары—
Оқып
Озгерген—
Бугин аулда.
Кешеги,
Куни „худай“дынг
Тлегин
Олар тлесе,
Бугин
Олар озгерип
„Жасасын—
Кенгес,
Жасасын,
Рабочий
Жамайдынг—
Алдындағы
Косем,
Жасасын—
Бзинг партия!
Партиянынг
Жолы ушын,
Социализм
Иси ушын—
Ислеймиз,
Иске
Крисинг
Жалқаулық
Бизде болмасын,

Жалкау
Боп биз
Турмаймыз,
Ислеймиз исти,
Ислеймиз.
Биз комсомол,
Пионер,
Жас жеткиншек—
балалар
Жанга—
Турмыс
Дузуши.
Капиталдынг
Тамырын—
Тубинен
Қуртушы,
Компартия
Жолыменен
Талмай жумыс ислеуши",
Деп қосық айтады.
Усы болған
Табыслар,
Партиянынг
Силтеуименен
Болып атқан—
Зор табыс.
Жасыруға
Симайтуғын
Большевикше мол табыс.
Аулдағы—
Жумыстынг
Ислеринде еле-де—
Толып атқан
Кемис бар.
Кемшиликти
Қолға алып—
Сап қлып.
Большевикше
Жою керек тезирек.
Колхозшылар—
Жумысты
Большевикше қолға
алып.

Ислерине
Озгерис
Тезликпенен
Киргизу,
Бугин тангда бул—керек
Жалқаулық—
Бизде болмасын.
Ескининг—
Туль-тамыры,
Тикарынан
Қиылсын.
Феодаллық—
Хожалық,
Тамырынан жойылып,
Гигантлар бугин
Қурылсын.
Рабочий жамайлар—
Колхозшы—
Бзинг бауырлар,
Бугинги кун
Жайнасын.
Ортасында—
Олардынг,
Театр,
Кино орнасын.
Радио,
Қурылып,
Соннан нама
Тарасын.
Илим менен
Техника—
Бзинг елде орнасын.
Пролетариат
Уллары,
Техника менен
Уласcын.
Аул менен
қалада
Ески дунья
Тубинен
Қопарылсын—
Қалмасын!..
...Партиянынг



Изинде
Комсомоллар таяр боп
Барлық иске
Куш салып,
Ылғаллы турде—
Қатнасып,
Жумысқа олар криссин.
Колхозшы—
Дикан-қаллашлар,
Атызларда
Ҳалласлап,
Тракторменен
Жерин айдасын.
Енг жақсы—
Жерине
Алды менен
Пахта егилсин.
Алло—
Алло
Тынглангыз;
Радио сойледи:
Оскен сайын—
Ондирис,
Куннен-кунге осемиз.
Қосылған сайын бзинг
куш—
Қанатланып турамыз.
Сбанып—блек майданда
Социаллық—
Хожалық
Қурдық—
Бугин мнекей
Аул менен қалада.
Ғалаба—
Колхоз болуға
Кристик уллы майданда.
Ири муш—
Байлар жамайын,
Тубинен—
Қуртуға,
Шаптық бизлер айбалта,
Шабамыз—

Еле шабамыз.
Алға қарай
Барамыз—
Екинши бестинг
Шоккишин
Қолға алып барамыз.
Жамайсыз жамиет—
Созь жоқ бизлер
қурамыз...
...Компартия—
Жол менен
Қолға алдық жарысты.
Социаллық—
Майданда—
Таптық улкен табысты...
...Социаллық
Гуресте,
Партиянынг
Жолы менен
Женгдик—
Бизлер барьҳама.
Сонынг ушын
Еле-де
Бугин тангда не керек?
Уллы гурес—
Майданда,
Жамайлық—
Тартыс бул керек,
Майданда
Бизлер гуреспенен
Таптық
Улкен табысты.
Майданда—
Жгер, ғайратпенен
Женгемиз биз душпанды
Сонлықтан—
Бизге,
Усы кун
Маркс—Ленин
Окуын
Оқып,
Уйренип

Блу керек майданда.
Биз большевик,
„Болшевиклер
**Алмайтуғын**
Хеш бир жерде—
Корған жок"
Тынгла!

*Торткул 1933-жыл, 15-декабрь*

## ЖАНГА АУЛ

Кане қалем—
Жорғала,
Бугин иске саламан:
Табылған—
Жанга табысты,
Жырдап менде айтаман'
Бугинги -
Кун қалемим,
Жорғалайтуғын кунинг
бул.
Социаллық—
Табысты,
Жазатуғын кунинг бул,
Аулдағық—
Шабысты
Жырлайтуғын кунинг бул.
Жамайлық—
Уллы гуресги
Айтатуғын кунинг бул.
Жол бойынша
Шағырайған—
Кунинг-де,
Куслар—
Ушып тобенгде,
Шақақ—
Айтып ойнаған,
Амударья—
Бойында,
Қабағын—
Уйип Қаратау,
Алатуғын—
Жолбарыстай,
Енгтерилип бул турған—
Ну қарағай—
Қамыслар,
Тал шбықтай буралып,
Тажим берип ол турған.
Тоғайларда—
Усындай,
Майда-шуйде
Шоплерге
Кун саулесин—
Тусирмей,
Уйип қабағын.
Усыларды—
Коргенде,
Кешеги
Откен сум заман.
Ойыма келип
Сол тусти.
Сол уақытты—
Қарасам, батрақ—
Қаллаш бауырлар,
Пролетариат—
Жамайлар,
Кун саулесин—
Коре алмай
Зар енгреп ол турған.

Октябрьдинг—
Тангында,
Азат болған бауырлар.
Сол бауырдынг—
Бреуи
Журген таза жас жгит,
Астымдағы моторға
Ходландырып
Куш берип,
Айдап атыр бул бугин.
Онынг—
Қарсы алдынан—
„Жинли“ толқын,
Бул келип,
Қаяқларға—
Барасыз,
Дегендей қып,
Алдынан
Қарсы турып урады.
—Онынг менен—
Исинг жоқ,
Менинг озим—
Блемен.
Озим емес—
Сорасанг,
Мени айдап—
Кияткан,
Техниканынг—
Иеси,
Жер жузининг—
Хожасы,
Партиянынг—
Ағзасы,
Пролетариаттынг—
Баласы,
Социаллык—
Майданнынг,
Тапқан—
Жанга
Адамы,
Бринши—
Бести торть—
Жылда,

Баржай—
Қлып толтырған,
Екинши—
Бести
Қолға алып
СССР-да—
Жамайсыз,
Жамиетти—
Куруға,
Капитаннынг—
Суренин,
Орынлауға—
Умтылған,
Усылар ғана—
Бледи.
Усы жолда—
Шаршамай,
Узақ тангға,
Шабатуғын,
Социаллык
Курылыстан,
Артта ҳешуак,
Калмайтуғын,
Темир,
Полат
Арба менен,
Шоқланған—
Толқынға,—
Барып урғанда:
Кутырған—
„Жинли“
Толдынлар,
Болек, болек,
Айрылып,
Ортасынан болинди.
Ийримлери—
Буркылдап,
Кайнаған,
Амударьяда,
Тауланған—
Машин хотына,
Ылғаллатып—
Куш берген,



Кушлерине—
Куш қосып
Кайнап—
Бугин сес берген,
Су бетинде—
Балығы,
Қалаш қағып,
Ойнаған.
Дарьянынг—
Еки бойында,
Жанга ауыл жайнаған.
Социаллық—
Тикарға,
Хожалығын—
Орнатқан,
Колхоз—
Болып бирлесип,
Ислерин—
Гул жайнатқан.
Социаллық—
Майданда,
Қзыл байрақ—
Желпилдеп,
Котерилген—
Аспанға,
Катер менен—
Пароход,
Кобейип—
Иске туръ берген.
Желбиреген—
Байрақлар—
Жержузинде нур берген.
Ақ пахталар—
Ашылып,
Кун нурыменен
шағлысқан.
Колхозшылар—
Атызда,
Пахта терип шад
болысқан
Топар-топар бригад—
Иске
Патти ендирген,

Кок орай,
Шалғын—
Кок егин—
Атыздынг ишин
Дондирген.
Мен—
Мотордынг ишинде,
Усыларды—
Корген сонг,
Жузим жайнап
Кулгенмен,
Мен отырған—
Пароход,
Ол ҳамь
Жангарып гүлленген.
Ходка мнип дарьяда,
Алға карай—
Гулеген.
Дарьянынг—
„Жинли“
Толқынын,
Тумсығыменен—
Айырып,
Қара суды как
Болген.
Толқынды
Мотор
Айырып,
Бурқасланып жонеди.
Сутка
Ярым
Болғанда,
Дидиленген жерине,
Апарып мени тусирди.
Тускен жерди
Қарасам,
Озгерген—
Ол бир жангарып,
Социаллық—
Тикарда,
Қурылған улкен
Тазалық.
Тум-туста

Журген птырап—
Диханлар,
Бугин жамлескен.
Колхоз болып
Бирлесип,
Иске олар крискен.
Гоне апшерди
Тўарып,
Жанга иске орнасқан.
Ашылып
Мектеп
Ортадан,
Окуға балалар
Қатнасқан.
Кешке
Ликбезде—
Улкенлер оқып атырған.
Хаял—
Қызлар,
Жас балалар,
Барлығы бугин
Шадғуррам.
Ири муш—
Наҳан байларға
Топылысты жасаған.
Атқа мнер—
Қуларды,
Молла,
Ишан сумларды,
Мешет хожа,
Аллияр—
Наҳан бай менен
Феодалды айдаған.
Бекмурзадай ишанды,
Конфискалап—
Аударып,
Оны журттан
Асырған.
Дарьянынг
Ғырра бойына,
184 адам,
Калинин атлы колхозға,
Басларын қосып,

Қуралған.
Колхоздан олар
Тонналап,
Балықты коп келтирген.
Социаллық—
Жарысқа,
Тусип олар ислеген.
Ҳаужленип—
Жумысын,
Жарыспақты гужиткен
Бригада менен
Бригада
Исте олар жарысқан,
Социаллық—
Гурести,
Барлық—
Исте қыздырған.
Ушь топарға—
Болинип,
Брин-бри шақырған.
Бринши топар баслығы,
Жадик болып сайланған
Жумысын—
Ол қыздырып,
Барлық исте жайнаған.
Ылғаллы болып жумысқа,
Қатнасып—
Уллы қурылысқа,
Социаллық жарысты—
Ылғаллық пенен қолға
алып—
Киргизген иске—
Озгерис.
Буннан неше жыл бурын,
Жадикти—
Сиз корсенгиз,
Аулларднынг
Ишинде
Дымнан
Жупыны ол еди,
Азанда жесе,
Кешқурын,
Шаппаттай нанға



Зар болып,
Журеги сазып бишара,
Отыратуғын еди ол.
Қарыны бир қампайып,
Тамақ тауыпише алмай,
Журетуғын еди ол.
Бугин корсем,—
Мнекей,
Озгерипти турмысы.
Уйде
Анау уйилип,
Қанарланған
Будайдынг
Бугинги кун турысы.
Кешеги кунде
Зарланған,
Ишкен асы уланған,
Жатқан жери қум
болған—
Жадик бугин озгерип,
Жанга адам болып
жангарған.
30-жлында
Партияға ағза боп,
Кирген Жадик бул ағам.
Бугинги кун колхозда,
Партячейка
Ол болып,
Жумысларды басқарған.
Ким ислесе
Сол жесин,
Ислемеген
Жемесин,
Колхоз оссин—
Орлесин.
Колхоз—
Жолы арқалы,
Ескининг тупь-тамырын,
Путкиллей биз
Куртамыз;
Сизлер—
Коресиз,
Колхоз жолы

Бул бир жол,
Социализм—
Шын жолы,
Минеткеш дихан
Халқ ушын,
Бир ғана тура усы жол.
Колхоз жолы—
Туры жол!
Кордим
Буны козбенен.
Мсалға алсам Калинин
Атындағы колхозда
Социализм—
Хамь минет,
Бирге журер
Барқулла.
Социализм
Жоллары,
Минет тартип
Ислери—
Жалқауды
Талап етпейди.
Ким ислесе—
Сол жейди.
Буған далил—
Сол Жадик,
Иследи—
Ол нан жеди,
Иследи—
Бугин пал жеди.
Жумысқа крип
Патпенен,
Колхоздан
Бугин қант жеди,
Колхозда—
Хаял-қызлар бар,
Олар—
Кешеги заманда,
Қапланған—
Қара думанда,
Кун саулесин
Коре алмай,
Жлаған еди бишара.

Олардынг минет ислерин,
Капиталлар—
Жалмауыз,
Қан ишер—
Сол бир қанлы ауз,
Баҳалап
Еске алмады.
Адам деп
Козге илмеди.
Ҳаялларды
Еске алмай,
Аяқ астында
Езсе-де,
„Ақылы кысқа,
Шашы узын"
Деген
Баҳа берсе-де,
Октябрь тангы азат кып,
Босатты оны кунгликтен.
Кунгликтен олар
босаныт,
Басына тенглик алған
сонг
Кристи иске патпенен.
„Ас псируши"—
Ҳаяллар.
Ҳукиметти
Басқарсын!—"
Деген Ленин
Суренин
Қолға алып
Апалар,
Крискен
Бугин уллы иске.
Буны-да
Кордим козбенен...

## ҚОЛХОЗ АУЛЫ

Буланглаған Амударья,
Онынг улкен жағасында.
Тереклердинг арасында,
Улкен ақ уй тгилип тур.

Уйге жақын бара кетсенг,
Корип журек шадланады.
Тереклерин тағы корсенг,
Ырғалысып, жайқалады.

Табиғаттынг нур саулеси,
Ғыжлап уйге ол туседи.
Жаркыраған ақ пахталар,
Атызларға нур себеди.

Миуелери турған осип,
Жапраклары тенгселисип,
Жерге турли тур ендирер
Қауын-қарбыз ол ҳамь псип,

Гуллендирип атыз ишин,
Ақ пахталар гулин токти.
Жанландырып онынг исин,
Бир атыздан мынг пут берди.

Еки ақ уй бир жағында,
Онгаша тур болегирек,
Бри мектеп, бри отау,
Буннан қаллаш оку билмек.

Мектебинен оку оқып,
Блим алып хонер корип,
Социаллык жолға журип,
Бести тортте[1] орынламак.

Буйткен қайсы аул десенг,
Жабдилескен жанга аул,
Социалға[2] тикарланып,
Хожалығын қурған аул.

Мне, аул айналасы,
Жайнап ол бир гурилдеген,
Тракторлар жерди сурип,
Уллы ҳауаз дурилдеген.

Демалыстынг мезгилинде,
Жумыстан қол бос гезинде,
Ктапхананынг ишинде,
Радио сойлейди созь.

Кино корип козименен
Пайдаланып бос гезинен,
Оку десе бари бирден,
Ықласланып куш етеди.

Хуш етеди, йош клады,
Ықласланып ис клады,
Бари бирден умтылады,
Жумысына ылғал урып,

Бул ылғаллы қайсы десенг,
Тракторлы колхоз усы
Социализм тикарына,
Қурылғанда онынг иси.

Жумабай боп колхоз басы,
Хызмет клар уллы-жасы,
Барекелла онынг иси,
Ҳауиж алған социалға,

[1] Бести—тортте — 5 жыллық планды 4 жылда орынлайды деген сози (*ред*).
[2] Социализмге (*ред*)



Оссек мундай алты жылда,
Он жылларда коп осемиз.
Социализм тикарына
Елди тегис коширемиз.

Сол он жыллық уллы тойда,
Жумабайды жыр етермиз,
Онынг уллы тарихларын,
Қаллашларға улги етермиз.

Енди болдым сонынг менен,
Мен созимди тамамлайын,
Алты жыллық[1] табысым менен,
Мен-де бугин шадланайын.

*1931-жыл, Алма-ата.*

[1] Автор Қаракалпақтынг автономия болғанына алты жыл болу мунасибетин козде туткан болса керек (*ред*).

## ӨЛДИ ДЕУДИ АЙТУҒА ТИЛ БАРМАЙДЫ

*(Жолдас С. М. Кировтынг олуине)*

Неге қалем—
 Бурынғыдай желмейсенг?
Неге мийим—
 Созлерингди термейсенг?
Айтшы тлим—
 Не себептен гурмелдинг?
Бреу саған—
 Урысты-ма, сокти-ме?
Я болмаса—
 Бир қайғылық келди-ме?
Айтшы тлим—
 Не себептен,
Бундай куйге дус келдинг.
— Маған айт деп—
 Сонша неге қыстайсанг,
Гурмелгенде—
 Тилди неге жумсайсанг.
 Айта алмайман—
  Бугинги кун—
   Бул исти,
 Тере алмайман—
  Бугинги кун созлерди.
Неге?
 — Не ушын?
 — Себеп сол ушын:
 Киров
Олди



Душпан оғынан.
Усыны мен—
 Қалай енди айтаман.
Олгенлерге—
 Оны қалай қосаман.
Қоса алмайман—
 Олгенлердинг қасына.
 Олди деуди,
 Айтуға тил бармайды.
 Кеше емес-пе
  Ол арада жургени.

---

Осип атқан—
 Қурылыс,
Ортасында,
 Ол сайрап,
 „Омир сургинг.
  Омир сургинг,
   Келеди“.
Деген еди созинде.
— Рас
 Қурылыстан,
  Қурылыс,
 Кунлер санап асқанда,
Табыстан—
 Табыс улғайып,
Куннен—
 Кунге тасқанда,
Жамайсыз—
 Жамиет
Дузу мезгил шағында,
Жасағынг—
 Бирдей келеди,
Биз жасаймыз—
 Бул жолда.
Усы уллы—
 Майданда,
Талас-тартыс—
 Уақтында,
Жолдас Сергей—
 Жасамай,
Кеттинг бугин арадан.

Биз блемиз—
Кимлердинг,
Саған оғын—
Атқанын,
— Олар душпан—
Жалмауыз,
Қан ишер—
Ол бир қанлы ауз,
— Сатылған—
— Жауз,
Итаршы.
Оны бугин,
Атқанменен—
Орнына—
Миллион шғады,
Таслаған—
Өнынг суренин,
Толық барьжай қлады.
Хей пролетар—
Қамыкпа.
„Қағынг—
Барлық есикти“
Оларға—
Жуап сол болсын:
Партиянынг—
Сабында
Жасырынып—
Журген душпанды
Тазалап оны айдангыз.
Екинши—
Бес жыл,
Планды,
Толтырынгыз асырып.

*2/XII-1934-жыл, Торткул.*

## ЛЕНИН СОЗИ

Ленин олди,
Ленинизм жасауда,
Ленин сапта,
Ленин бугин қатарда.

Ленин три,
Ленин бзинг арада,
Ленин сози,
Мангги бзинг санада.

Ленин олди,
Халк шулап жлады,
Қайғы басқан,
Жердинг жузин унь алды.

Ленин олди,
Жерди қайғы қаплады,
Сол заматта,
Атқан адым тоқтады.

Ленин олди,
Бай класы қуанды.
Енди совет,
Жасамас деп ойлады.

Брақ онынг—
Айтқан сози болмады.
Совет ели,
Гуллеп ҳарь кун жасады.

Ленин три,
Ленинизм жасауда,
Ленин три,
Ленин бзинг катарда,

Ленин олди,
Партиясы жасауда,
Ленин жолын,
Партиямыз баслауда,

Ленин жасады,
Ленин жасайды дуньяда.

Ленин олди,
Ленин иси олмейди.
Ленин олди,
Ленин куни сонбейди

Ленин аты
Журекте яд болады.
Ленин жолы
Жер жузине орнайды.

Ленин иси
Гуллендиру аулды.
Ленин сози
Нурландыру аулды.

Мне бунынг,
Бари болды аулда,
Гул-гул донип,
Жайнап ости аул-да.

Ленин иси,
Халқка жарық кун беру,
Ленин сози,
Электрден нур беру.

Бул айтқаны,
Болды бзинг жерлерде.
Бахыт куни,
Туған совет еллерде,



Ленин сози,
Совет ели жайнасын,
Ленин сози,
Туысқанлық нғайсын.
Бул тапсырма,
Шын журекте орнасты.

Совет ели,
Канат жайып уласты,
Ленин три,
Ленинизм жасауда,
Ленин жасады,
Ленин жасайды дуньяда.

*1940-жыл.*

## КАПИТАН

Толкын атып,
Тауға урған—
Сол тенгиздинт устинде,
Кок шишедей—
Жылтыраған,
Толқын урып бетинде.
Толкын урып—
Бултка шапқан,
Жарқыраған алтын кун.
Толқынынгда—
Капитаным,
Орлей салған қайығын.
Еки толқын—
Бул алысып,
Бир-бримелен тартысқан.
Сол толқыннынг—
Ортасында
Пароходты орге салып,
Толқын менен жарысқан.
Берип ходты—
Пароходқа
Тутты рулди капитан.
Капитаннынг—
колында.
Маркстинг нақ турбасы.
Кокрегине онынг
Яд еткен,
Ленин бабам тулғасы.
Тура силтеп—



руль тутып,
Жол баслаған капитан.
Капитаным—усы бугин,
Пролетариат жамайын,
Адастырмай—
Туры жолға баслаған.
Сонынг саррас—
Жолыменен,
Социаллы—
СССР,
Бесжыллықты—
Торть жылда,
Барьжай қлып келтирген.
Айналаны—
Қоршап турған,
Капиталлар жалмауыз.
Ойлары—
Онынг бизлерди.
Жоқ қылмақшы қанлы ауз.
Қылалмайсанг—
Ол исти,
Бизге ҳешким келе алмас,
Бизди—
Ҳешким буза алмас.
Себеп?
Неге десенгиз,
Капитаннынг изинен
сап тартылып—
дзилген,
Биз пролетар ошағы,
Биз пролетар Уатаны.
Коммунизм
дузетуғын,
Биз СССР ауқамы,
Биз СССР
Ылғаллы,
Енг алдағы бригада,
Капитаннынг
Баслаған,
Жолыменен барамыз.
СССР-да
Жамайсыз
Жамиетти қурамыз.

Екинши—
Бесжыл ишинде,
Буннан-да
Уллен табысты
Бизлер қолға аламыз.
Политбюро—штабта
Ленинизм бул три,
Омиринде олмейди.
Харбир кунде,
Саатта,
Ҳарь минуттынг
Ишинде,
Бзинг барлық
Ислерде,
Ленинизм планы,
Тикар болып креди,
Соны барьжай қлуға,
Капитан жолды силтейди.
Тынгла
Исши
Жамайы,
Ҳауазға—
Салып қосық айт.
Гулленген—
Колхоз бағында,
Асирлер
Асир бойынша.
Неше
Миллион
Жылларша
Талмай жумыс—
Ислеуге,
Шаршамайтуғын
Омирде
Комсомоллар бизлермиз.
Капитаннынг—
Тапсырған,
Жумысларын—
Ислеуге,
Журинг—
Шғынг майданға.
Коминтерн—
Штабта,



Капитан бзинг атамыз.
Жас Лениншил—
Комсомол,
Гулленип—
Омир майданда,
Биз барамыз
Атакаға.
Тынгла!
Исши
жамайы,
Айтқан
Менинг қосығым,
Ескиге емес тазаға.
Шыққан
Менинг лапызым,
Бул ҳамь барьҳа жангаша
Жумыс
Ислей бледи.
Қосыкпенен—
Биз бугин
Кемшиликти жоямыз.
Ис қошжақпас—
Жалқауды,
Большевикше урамыз.
Шаршамаймыз—
Ҳарь уақта.
Талмай—
Узақ шабамыз.
Ҳарь минутта—
Саатта,
Алға қарап барамыз.
Блесенг-бе
Жолдаслар,
Большевиклик—
Жумысты,
Барьжай клып—
Шықпаққа,
Темирден—
Қатты тартипти,
Услай билсек—
Ҳарь уақта.
Партиянынг—
Сабынан,

Ҳарам ойлы
Сатқынды
Қусақ тазалап,
Сонда—
Бизлер майданда,
Капитаннынг—
Жолында,
Мудам женгип барамыз.
Тынгла!
Исши
Жамайым.
Толтыр—
Асыр планды,
Шап майданға,
атакаға
Қолға алған—
Планға,
Деп бугин тағы-да
Капитан—
берди команда.
Тоқталма
Енди пролетар,
Шғынг
Қане, майданға!
Қоркпа
Шабынг атакаға.
Коминтерн штабта,
Полат, алмас қлышынг,
Балға—
Орақ—қаруынг.
Ал
Қолынга,
Қаймықпа.
Жалт берип—
Ҳешбир тайынба.
Шап
Майданға қалмангыз,
Коминтерн
Туы алдына,
Қосыл, жинал, келингиз!
Капитан
Салған суренди,
Барьжай қлып,



Шғуға,
Социаллық
Жарыспенен,
Ылғаллықты—
Қолға алып
Журингиз—
Қалмай майданға
Шап
Қаникей атакаға!

*1933-жыл, 8-май, Торткул.*

## КОРМЕДИМ

Бир гоз ал козиме коринип бугин,
Жанымды отларға салды-да кетти,
Ол гоззал нурыменен ангымды сол кун,
Биҳуш қып алҳауа алды-да кетти.

Қалемдей киылған қалем қаслары,
Журекке бир дартти куйды-да кетти.
Жайнаған жаудырап бота козлери,
Муҳаббат отларын салды-да кетти,

Шириннинг синглиси, армяннынг қзы,
Гоззаллар ишинде гоззалдынг ози,
Кормесенг ҳақиқат Шириннинг ози,
Лал қлып озимди қойды-да кетти.

*16/VIII-1943-жыл*

## ҒАЖЖА-ҒАЖ

Қара булт тунерип устке тускенде,
Жгитлер атланынг болсын ғажжа-ғаж.
Найзағайдай жалын шашып келгенде,
Ур душпанды, қызсын сауаш ғажжа-ғаж.

Тунерген қара булт серпип таслансын,
Жарақ алынг, келди маҳаль ғажжа-ғаж,
Залымлардынг бри қалмай саплансын,
Шғынг қане қызды урыс ғажжа-ғаж.

Қапланған қара булт келди батыстан,
Оқ жаудырды бизге қарап тум-тустан
Коп бала бигуна олди атыстан,
Сонынг кегин алуға атлан ғажжа-ғаж.

Душпан келип елге отты салғанда,
Батыста туысқан отта қалғанда,
Қаупли кунлер бзинг елге туғанда,
Шық жгитлер қыздыр сауаш ғажжа-ғаж.

Ер жгит дуньяға шғар ел ушын,
Пда клар жанын халқтынг ғамы ушын,
Ата-ана, бигуна олген бала ушын,
Жауды аяма, қыр душпанды ғажжа-ғаж,

*16/VI-1942-жыл.*

## И Н И М

*(Харьков бағытында душпан менен гуресип журген иним Усен Ьегимовтынг хатына жуап)*

Фронттаман деген хатынг,
Келди жаным мен қуандым,
Қуанғаннан салып атынг,
Сағынышлы хат жолладым.

Аман болсанг сен бир онда,
Бизлер журмиз иним бунда,
Тыл хамь фронт бул екеуи,
Айрылмайды ҳешқашан-да.

Мен аулда, сен фронтта,
Мақсет бреу харь уакытта,
Душпанларды ныпқырт қлып,
Қурту иним бугин тангда.

Иним соны есте сақла,
Ата-ана дузын ақла,
Аш боридей олиге тиген,
Жаузларды қират, сапла.

Қыр фашисти, қыр жыртқышты
Душпанға аяу болмасын,
Ат жаузды, жой гитлерди,
Қанхорлар три қалмасын,

*1942-жыл, февраль.*



## ТОРЕЖАН

*(Ҳамид Алимжаннынг жолыменен)*

Танг атып шолпан туғанда,
Суйгенин яр узатты,
Жарқырап кунлер шыққанда,
Ярына сулу созь қатты.

„Суйген ярым узатып,
Кейнингде қалып бараман,
Аман барып тез қайтып,
Кел деп ярым қаламан.

Аман барып суйгеним,
Тезден келип коргейсенг.
Сум жаузды суйгеним,
Қрып-жойып келгейсенг.

Қайда болсанг суйгеним,
Аман-есен болғайсанг,
Қуып жауды саудигим,
Женгип елге қайтқайсанг!!!“

Кунименен харь жаунгер
Урысқа озин сазлады,
Ким автомат, ким мылтық,
Жау жарағын баплады.

Торежаннынг ҳиялын,
Басқа ойлар алады,

Қоркыныш хамь уайым,
Кеулин онынг алады;

„Туссем егер сауашқа.
Боларман-ба? мен аман—
Қанлы қырғын урыста,
Боларман-ба қаҳарман!

Батыр болып абрай,
Алу қиын бул талап,
Қзық дауран суре алмай,
Олу мумкин дем санап..“

Деген ойды ойланып,
Турған уақта Торежан,
Акелип оған тапсырды,
Келген хатты ярынан:

Когершин кокте ойнаса,
Коленгкеси жерде ойнар.
Менинг кеулим сени ойласа,
Сенинг кеулинг нени ойлар?

Бул-бил болсам мен бақшада,
Бир ағашты сайлар едим,
Сол ағашта сени мақтап,
Ертели-кеш сайрар едим,

Уй артында гул бақшада,
Мен бир терек болсам еди,
Сол теректинг шақасында,
Жаным сайрап турсанг еди.

Алма баққа крип ярым,
Алма жегим келеди,
Сен ағашы мен жапрағы,
Болып жасағым келеди.

Ай жоқары, ай жоқары,
Айға мингим келеди.
Айға мнип томен қарап,
Сени коргим келеди.



Гул бағында алма терип,
Жолларынга қарайман.
Куни туни сени ойлап,
Коргенлерден сорайман.

Сен фронтта, мен аулда,
Суретингди суйемен.
Керек емес басқа бреу,
Жаным сени суйемен.

Урыста журь суйгеним деп,
Халққа мен мақтансам,
Қорқақ болып кеин қайтып,
Еллерингди таслапсанг.

Елди таслап кеин қашып,
Қайда озинг барасанг?
Бул ҳуждансыз журекпенен,
Қайдан орын аласанг?

Сен шегинип кеин қайтар,
Барма жеринг керексиз,
Бетке қара тангба салып,
Нағып журсенг журексиз.

Жау қолына елди берип,
Қандай пайда табарсанг.
Ата-анангды қуллар қлып,
Қзыл гулдей соларсанг.

Суйген ярынг Перизаны,
Жаулар алып шоры қылса,
Шашын кесип суйгенингнинг,
Коз алдынгда хорласа.

Жарқыраған кун нурынынынг,
Қуяшын сум урласа,
Ул-қзынгды горге тығып,
Урпағынгды сапласа.

Қайда барып орын тауып,
Сен қалай кун корерсенг?

Сол корлыкка шдам берип,
Қалай три журерсенг?

Хор-зар болып жат еллерде,
Апенде болмакшымысанг?
Қабир ушын керек жерди,
Қарызға алмакшымысанг?“

Егер елди корғамасанг,
Неге тудынг адам болып.
Жауға шдам бере алмасанг,
Олген жақсы горге крип.

Халкынг ушын тогетуғын,
Жок-па еди бир қасық қан.
Гулли Уатаннынг топрағынан,
Ширинбе екен саған бир жан.

Бул кайғылы аур кунлер,
Бир кун болса отип кетер.
Батырлардынг ерлик иси,
Миллион жылға барып жетер.

Сонынг ушын урыста марть,
Болғанынг яр жақсы маған.
Қашып три қалғанынгнан,
Олгенинг жақсы маған.

Арканга яр, хеш қарама,
Жауды болса тас-талқан қыл.
Егерде оқ тисе саған,
Алға қарай тағы жғыл.

Жанынгдағы достынга айт,
Сенингменен бирге болсын,
Қанға баскан койлегингди,
Алып маған ол жберсин.

Койлегингди алып ярым,
Елдинг ишин аралайын.
Батырларша олди яр деп,
Халкқа мен мақтанайын.



Корген халк сауер ярым,
Сени бирдей созь ғып айтсын,
Батыр ерлик ислерингнен,
Шайырлар-да дасьтан жазсын“.

Алып оқып ярдынг созин,
Сам-саз болып жгит турды,
Кыздырып хат намыс-арын,
Душпан-ға ол сауаш курды.

Хатты оқып болған маҳаль,
Рота-да сауашқа енди.
Немецлерге салып зауал,
Атып, шауып кобин қырды.

Рота ҳужим еткен уақта,
Торежан-да котерилди.
Ярдынг хатын тутып қолда,
Алға! Дослар деп жуырды.

Уатан ушын ҳамме алға,
Деген сеслер кокти алды.
Кокте ойнап самолетлер,
Душпанларға оқ жаудырды.

*1943-жыл.*

## ҚЗЫМ

*(Армиядағы жгиттинг хаты)*

Гулленген гул турмыста туған қзым,
Кормеге саған ынтық болдым озим,
Ағангнан болсын салем узақтағы,
Жайранглап жанга омирде жайна қзым.

Бахытлы қзым ананг туған сени.
Келер деп кутсе керек коп уақ мени,
Туғанға сендей қызды мен куандым,
Гулленип гул турмыста ойна қзым.

Атынгды Уазипа деп койған сенинг,
Мақсетим орынланар қзым менинг,
Атынга ылайықлы бзинг жумыс,
Уазипа фашистлерди курту қзым.

Ҳазирше хош аман бол гулдей қзым,
Аспаннынг нурын алған жандай қзым,
Фашисти жоқлар қлып барғаннан сонг,
Ағангнынг алдында ойнап жайна қзым.



## ОРАМАЛ

Жолдасым ғарры солдат ерген маған
Жерден алып бир орамал берди маған,
Алыстан от ишине бул қараға,
Ҳау, бала, бул орамал келген қайдан?

Сулу қыз ашығына берген-бе екен,
„Омирге саклар яр“ деп исенген-бе екен,
Енгкейип ерке басы қара жерге,
Орамал қалып, жгит олген-бе екен?

Ямаса кыз ашығын таслады-ма?
Кеулин басқа жаққа баслады-ма?
„Тазаман“ деген журек кирли болып,
Орамал куры далаға тасланды-ма?

Болмаса бунда коздинг жасы бар-ма
„Ярым“ деп қеткен ердинг басы бар-ма,
Коргенде коздинг жасын, аққан қанды,
Шдай-ма батыр жгит намыс-арға?

Солдаттынг журеги от, қолы полат,
Полат пенен от қосылса болар мадет,
Оқысын кормегенлер бунынг срын,
Сулудынг берген сиы болған қуат.

Орамал срын Асан қылды баян,
Омирдинг гули ашық болған аян,
Ел ушын кимлер келип, ким кетпеген,
Билсенгиз бул орамал сондай болған.

*28/VII-1944-жыл.*

## ҚОСЫҚ

Шад қосықпенен анам туған ҳазирде,
Атам айтқан шадлы қосық сол жерде,
Қосықпенен туылдым мен дуньяға,
Қосықпенен жайнап остим жаҳанда.

Жанглар қосық қатты боран суықта,
Нама салып шадланады харь уақта,
Нама салып журдим тунлер ишинде,
Қосық болды маған жолдас сол кунде.

Қосықпенен ҳеш қорқпадым жауымнан,
Болған жолдас омирлик жас басымнан,
Қурал болды маған аур кунлерде,
Жамылғанда қара қайғы тунлерде.

Менингменен қосық тусти урысқа,
Жауды қырдым ҳеш аямай тум-туста,
Сонда қосық маған женгис келтирди,
Ғажжа-ғажда нешше душпанды олтирди.

Жулдыз ойнап жақты берген уақтында,
Иошландырды қосық мени тағы-да,
Мени гурес палуаны қлып осирди,
Шад қосықты жаунгерге жетирди.

*18/II-1944-жыл.*



## ДОСЛЫҚ УШЫН

Бир кесе толтырып берингиз шарап
Кетсинлер бойыма жымбырлап тарап,
Гулленген Уатаным гулленип тасып,
Алсын нурлы қуяш дуньяны орап,

Ишейик шарапты куаныш ушын,
Қуяштынг нурынынг саулығы ушын,
Халққа нур берип женгиске ерткен,
Женгилмес женгимпаз партия ушын.

Ишейик шарапты аналар ушын,
Бахытлы гулленген балалар ушын,
Уатанды душпаннан тазалап алған,
Қаҳарман ер журек батырлар ушын,

Ишейик бир кесе гоззаллар ушын,
Омирдинг корки қыз-жуанлар ушын,
Душпанды женгуде комеклер берген,
Советтинг бахытлы қызлары ушын,

Ишейик халқтынг дослығы ушын,
Бузылмас Советтинг бирлиги ушын,
Қанекей, кел берман, туысқан дослар,
Котеринг шарапты даналар ушын.

Ишейик Советтинг нурлары ушын,
Ақ алтын, тасыған сулары ушын,

Котеринг шарапты туысқан дослар,
Советтинг қаҳарман уллары ушын.

Тағы-да ишейик шарапты дослар,
Уллы рус халқынынг саулығы ушын,
Гитлердинг ордасын тас-талқан еткен
Советтинг баҳадыр солдаты ушын,

*1943—1945-жыллар.*



## ФАШИСТЛЕРДИ УНТАДЫҚ

*(Сергей Миронович Кировтынг олген кунине)*

Басқасын биз женгемиз,
Олимге брақ, шара жок,
Бимезгил кеттинг арадан,
Олиминге арьман коп.

Келгенменен суық созь,
Хабарын салып араға,
Берилмедик қайғыға,
Жиналған халқ уллы топ.

Матам туткан қалынг журт,
Қайғырған-қайғы жан журек,
Бунынг бари уллы куш,
Қайнаған ыза, ашу кек.

Уллы сауаш майданда,
Сергей атанг аталған,
Сол атпенен гуресте,
Жау ордасын жайпадық,
Ленинград устинде,
Фашистлерди унтадық.

*1946-жыл*

## АРЗАЙЫМ

Жарқыраған жузинг айдай Арзайым
Остинг бағда болып мсал қзыл гул,
Созь сойлесенг созинг жуда мулайым,
Сайрап бағда бостан болған сен булбил.

Сен ислесенг жеринг болар лалазар,
Хош кеулли сен бир қызсанг жоқ азар
Жеринг кулип атыз иси қарсы алар,
Минет ери, колхоз қзы Арзайым.

Қара козинг, сулу сумбил, шашларынг,
Дым жараскан сулу қалем қасларынг,
Сен ҳаққында айтар қосық досларынг,
Минет ери колхоз қзы Арзайым.

Алманг менен анарынг бар бағынгда,
Гуллеп донген пахтанг жайнар атызда,
Жаркырайды барьҳа кетпен қолынгда,
Минет ери колхоз қзы Арзайым,

Козинг қара, лабингде бар палларынг,
Ақ жузинге жарасады каллларынг,
Атызда ойнар еки бирдей қолларынг,
Минет ери колхоз қзы Арзайым.

„От басында ҳарким озин батыр дер,
Озь тасына батпан келип болар шер,
Хешким озин жаман демес жақсы дер“,
Брақ исте белли болар Арзайым.



„Жуйрик атта бир талуас бар озсам дер,
Қаршыға қус барып ушып алсам, дер,“
Бзинг жаслар озып алға шықсам дер,
Сондай исте озып шықтынг Арзайым.

„Қыз балаға адет жастан жарыспақ,
Қатарынан озып исте утыспақ,“
Қатар-қурбы жгитпенен тутыспақ,
Сен тутысып озып шықтынг Арзайым.

Сен кулимлеп қатарынга қарадынг,
Назлар етип шашларынгды тарадынг,
Баслығынгнан ушь гектар жер сорадынг,
Сол жерингнен оним алдынг Арзайым.

Патпа, Турсын ол-да тусти жарыска,
Айымгул қыз, трысты ол ҳамь намысқа,
Ере алмай қалды булар арқада,
Олардан ҳамь озып шықтынг Арзайым.

Сен ислесенг болар сенинг дегенинг,
Талуас атып урар иске журегинг,
Жгирмада тоғыз центнер бергенинг.
Ҳарь гектардан быйылғы жыл Арзайым.

Бугин дурлеп палапандай жайнадынг,
Гул бағынгда кулип-тасып ойнадынг,
Бугинги исти ертенгге ҳеш қоймадынг,
Нурлы куннен бахыт алып Арзайым.

Бизди бундай нурлы омирге жеткизген,
Ошпейтуғын омиринде куи берген,
Қолға қалем, тилге збан куш берген,
Партияға миннетдармыз Арзайым.

*51/XII-1946-жыл.*

## ҲАРМАСЫН

Гул ала гуллер донген гул бағынынг ҳази жақсы,
Турли-турли жолға салған бақсылардынг сазы жақсы,
Уллы бахыт тойларында женгистинг ҳауазы жақсы,
Уатанымнынг гуз, баҳари, қсы менен жазы жақсы.

Бундай кунде хызмет еткен колхозшылар ҳармасын.
Қулпы донген жердинг жузи болды бугин абадан,
Жайнап-жаснап, жанграп турды бугин шын жангадан,
Женгис жры кокти қаплап еситилди ғарры, баладан.
Булбил сайрап турли жолға нама қосты бул ҳауадан,

Бул ҳазликте хызмет еткен колхозшылар ҳармасын.
Жердинг жузин нурға болеп, саулесин шашты кун
бугин,

Табияттынг кушин женгген кайнады жумыс ол бугин
Шырпылдаған жумыс қзып, ойнады қоллар ҳамь бугин,

Бул майданда хызмет еткен колхозшылар ҳармасын.
Бир миллион бесжузь уадемиз бзинг жолдаслар,
Асырып буны толтырған артықмаш силықлар алар,
Қалмастан иске қатнасынг ғарры менен балалар,
Қатнаспай жумысқа, сол адам артта қаларлар,
Мол зураат онимге қатнасқанлар ҳармасын.
Ғажжа-ғаж иске крисинг, бугинги ис ертенгге
қалмасын

*1946-жыл.*



## ШАДЛЫҚ ҚОСЫҒЫ

Омир гуллеп бизлер болдық сондай бугин абадан,
Биз шад болмай басқа кимлер, шадлар болсын
дуньяда?

Бул шадлыққа бауыры жанып душпан қарар қиядан,
Жанып тани, бауры куйсин бзинг душпан дуньяда.

Ленин дана салған жоллар бзинг ашық жолымыз,
Полат мускил минет суйер, бзинг ҳадал қолымыз,
Шады-қоррам жасап осер бзинг ул ҳамь қзымыз,
Сонынг ушын биз шад болмай, кимлер болсын
дуньяда?

Самолетлар кокти қаплап ушты бугин ҳауада,
Тракторлар жер баурын жыртты бугин далада.
Бзинг омир болды бугин ҳаммесинен зияда,
Сонынг ушын биз шад болмай, кимлер болсын дуньяда?

Тенгиз, дарья тарихларын дуньяда биз ашканбыз,
Омир гуллеп алға карай бизлер қадем басканбыз,
Елимиз шад, жеримиз бай, толған байлық канимиз,
Сонынг ушын биз шад болмай, кимлер болсын дуньяда?

Лалазар болып бағы-бостан, болды гулли жеримиз,
Шрайланып гул-гул донди қарақалпақ елимиз,
Мауиж урып ырғатылған жерде ҳасыл гулимиз,
Сонынг ушын биз шад болмай, кимлер болсын дуньяда?

Бизде ғайрат, бизде куат, тасыған зор кушлер бар,
Кокги қаплап котерилген уллы майдан сеслер бар,
Куннен жарық сауле берген партия бар, дана бар,
Сонынг ушын биз шад болмай, кимлер болсын дуньяда?

*1947-жыл.*

## ИСТИ ҚЫЗДЫР

Қарсы алды елпилдеген танг шамалы,
Крис иске колхозшылар ғажжа-ғаж,
Арьман етип, коксеп едик бир заман,
Орынланды арьман, қыздыр ғажжа ғаж.

Неше каруан болған қарап бул қумда
Танглайлары кеуип курап майданда,
Шдай алмай зар жлаған булманда,
Биз ол емес, ғайрат қолда ғажжа-ғаж.

Большевиктинг куни женгип жайнады,
Жумыс қзып ис казаны қайнады,
Миллионлар бугин кулип-ойнады,
Ойнап-кулип исти қыздыр ғажжа-ғаж.

Поезд келип колхозшылар жайнайсанг,
Бул-бил сайрап бағларынгда тойлайсанг,
Маденият каруанларын айдайсанг,
Соған тақ бол, крис иске ғажжа-ғаж.

Бул каруанынг шаршап, шоллеп талмайды,
Донггелеги зырлап истен қалмайды,
Бунынгменен бзинг турмыс жайнайды,
Жайнат исти колхозшылар ғажжа-ғаж.

Бул каруанды бергенлерге жаусын нур,
Журеклерден ағытылып токсин жыр,
Колхозшылар жолларынгды тезден қур,
Сонда исинг ҳауиж алар ғажжа-ғаж.

*1947-жыл.*



* * *

Хешбир қашан бағынбаған адамға,
Еки бойын салған бирдей ылангға,
Асау Аму басын ийип бизлерге,
Мен кулынгман-деди ҳарбир қашан-да.

Бағындырып қиынлықты женгдик биз.
Ат ойнатып қара-кумда журлик биз,
Советтинг заманында доланып,
Жайнап-тасып алға қарай йоштық биз.

## АЛҒА ҚАДЕМ БАСАМЫЗ

Баслап женгис жолларын,
Келдинг бугин жанга жыл,
Тастырып женгис палларын,
Жеттинг бизге жанга жыл.

Омирдинг таза гуллерин'
Алып келдинг жанга жыл,
Шад қлып Совет еллерин,
Жайнатасанг жанга жыл.

Абад болып турмысым,
Жылдан-жылға уласты,
Гул жайнаған ҳарь исим,
Кун нурыменен таласты.

Жанга турмыс, жанга омир,
Бизде бугин жайнап тур,
Кремльден жарық нур,
Бизди алға баслап тур.

Ҳарбир откен гоне жыл,
Кел орнынгды ал дейди,
Жанга келген жанга жыл,
Иске ғайрат сал дейди.

Сал ғайратлы кушингди,
Қарсы аламан жанга жыл,
Шадландырған исингди,
Кутлықлайман жанга жыл.



Жайнаған кун нурында,
Гуллер терип ойнаймыз,
Ҳарь жыл январь айында,
Ёлка тойын тойлаймыз.

Бугин кеште баримиз,
Жане бир жас асамыз,
Кремльден нур алып,
Алға қадем басамыз.

## БАҲАРЬ

Баҳарь, баҳарь
бағларыма—
Гуллендирген берип сань,
Қызғын истен басланады,
Баҳарь паслы атқан танг.

Есер шамал жағымталлы,
Каналларда су тасар.
Танг нурынан раҳатленип,
Атызға шғар пахтакар.

Жайылған тогин, шел тайын,
Су ишер, ане, каныи жер,
Ҳешкимде емес арқайын,
Қызғын ислеп тер тогер.

Атызға келип жер сурип,
Трактор тынбай гурилдер,
Бир шеттен иске крисип,
Универсал шгит себер.

Шгитлер қалмай когерип,
Дарайы донер атызлар,
Культивацияны иске жегип,
Универсалын айдар қызлар.

Баҳарь, баҳарь
бағларыма,
Гуллендирген берип сань,
Сенде қызса ис онимли,
Гузде тасар табыс кан.



## МЕНИНГ ҚЗЫМ

*(Пахта майданында ис корсетип журген комсомолкаларға арнайман).*

Анау пахта терип журген,
Гулим деген менинг қзым.
Гул бағында омир сурген,
Пахтаны коп берген қзым.

Гулим десем Гулимози,
Нур жайнаған еки кози,
Алмадайын еки бети,
Дым жағымлы айтқан сози.

Гулим десем кулимлеген,
Москва, Ташкент дангқын билген.
Козинен нур, аузынан пал,
Сойлегенде шғар ҳурден.

Қалем қасын қиып қойған.
Қоланг шашын туйип қойған,
Иске ози сондай шебер,
Звеноға блип қойған.

Ала баҳарь куннен баслап,
Жолламаны қолға услап,
Атызында жумыс еткен,
Ғайратланып жайнап жаснап.

Тергенинде Гулим пахта,
Ерте турып саҳарь уақта,
Козинг илип ҳеш шалмайды,
Сондай шаққан иске пухта.

## ЛЕНИНГРАД ДАПТЕРИНЕН

### САЛЕМ САҒАН ЛЕНИНГРАД

Қсып турып қушағынга,
Улым дединг аймаладынг.
Бизди алып қанатынга,
Алпешлединг, мапеледииг.
Ленин туын беккем тутып,
Азатпыз деп дағаза еттинг.
Буржуйларды жоқлар етип,
Жарлыларды азат еттинг.
Пролетариат гуресининг,
Сен анасы болған кала.
Арқасында тарбиянгнынг,
Осип ондим, тарих гуа.
Душпан кеше топылғанда,
Қурал алып шықтым жауға.
Ленинград тап тубингде,
Урдым жауды усыманда.
Жау оғына қарсы турып,
Аямадым жанымды-да.
Келгенлерин қайтпай урып,
Токтим қзыл қанымды-да.
Қаным аққан жерди корсем,
Хешбир урыс болмағандай.
Қаланг сулу, жеринг коркем,
Корген адам тангланғандай.
Нева дарьянг толқып атып,
Кокке шапшып урып турған.
Харь адамынг мыққ тартып,



Келингиз деп кулип турған.
Адамларынг дым ажайып,
Жатырқауды ҳаслан билмес.
Уаде менен созден таймас,
Қиынлыққа басын имес.
Себеп неге десенг, Ленин—
Усылайынша тарбия еткен.
Рухланып дана Сталин,
Сенде талай жауды женгген.
Хей, қаҳарман уллы қалам,
Қолынгда оскен мен бир баланг.
Қарақалпақ халқынан кеп,
Берип турман салем саған.

### ЖУЛДЫЗЛАР

Қарангғы туннинг ишинде,
Журдим Ленин қаласында.
Нева дарья копиринде,
Турдым қарап суға сонда.
Тнық сулу коркем дарья,
Сен кориндинг козге маған.
Оскен жерим Амударья,
Жолдас дедим мангги саған.
Тунинг жарық кундизгидей,
Ойнап турған кокте жулдыз.
Шолпан жулдыз дуркининдей,
Лампалар коп, нағыз кундиз.
Кокке шапшып толқын атып,
Жай буралып дарья ағып тур.
Ильич нурын жарқыратып,
Тунди кун қып жайнатып тур.
Литейнийдинг устинде мен,
Нева дарья тур томенде.
Сол бир туннинг кешинде мен,
Сайран етип журдим сенде.

### ОЙНАҒАН

Қандай салқын қонгыр туньь,
Коркем сулу кошенгде.
Жанглап шыққан шадлы унь,
Умытылмас есимде.

Сол унингнен куш алып,
Оскен бзинг санамыз.
Азатлыкқа жол салып,
Берген Ленин данамыз.

Араладым қалангды,
Жақтыланған тунингде.
Жырлаған шадлы унингди,
Турман тынглап ҳарь кунде.

Тунинг коркем жайнаған,
Карангғыны билмейсенг.
Кокте жулдыз ойнаған,
Не қлып журсенг демейсенг.

Масайрап еркин кдырдым,
Ленинград кошенгде,
Раҳатланып дем алдым,
Сайранлап журип кешингде.

## ИЛЬИЧ ШРАҒЫ

Асықтай булт жоқ аспанда,
Жулдызлар жмынгласады.
Тунде журсем кошенгде,
Шадланып кеулим тасады.

Карангғы тунь ишинде,
Журдим Ленинградта.
Канша адым атсамда,
Ленинниң аты тур ядта.

Қанша жмынгласа-да,
Аспандағы жулдызлар,
Ленин шрағынан нур алып,
Шаглайды жгит ҳамь қызлар.

Жанған Ильич шрағы,
Тунди жақты етеди.
Қай жерде мен журсем-де,
Эй, суйикли Ленинград,
Ықласым саған кетеди.



## БАЛҒА-ОРАҚ

Озим жерде, кеулим кокте.
Бир нарсеге қарап турман,
Литейнийдинг даль устинде,
Не нарсе деп ойлап турман.

Қарап турсам елес-елес,
Бир-бир белги козге тусти.
Женгиске деп жар салғандай,
Жайнап кетти жердинг усти.

Гузде ушкан аққу жолы,
Усыма деп турдым қарап.
Астен ескен самал жели,
Кетти алып аспанға орап.

Нешше турли заводлар бар,
Ленинград қаласында
Жумыс қзып ҳауж алған,
Қыр-атрап даласында.

Қаҳарманлық жумысларға,
Ҳайран қалып турдым сонда,
Женгиске деп қзыл байрақ,
Желбиреди коз алдымда.

Кок гумбезин аль аспаннынг,
Қушағына алды орап.
Шарбы янглы аппақ бир нур,
Тангба салды балға-орақ.

Коктинг жузин сулу нағыш,
Ай кулақтай орап алды.
Буйраланып толқынланып,
Нева дарья қарсы алды.

Кунде кулип қушақ ашты,
Келингиз деп бизге таман.
Сонда менинг кеулим тасты,
Кокке орлеп шарықлаған.

## ПУШКИН

Александр Сергеевич,
Келип басты иип турман.
Болдым саған жастан ҳауес
Устаз, салем берип турман.
Куни-туни ауладларынг,
Ктабынгды суйип оқыр,
Айтқан ҳасыл коп созлеринг,
Журегинде яд болып журь.
Тур ручканг қосық жазған
Сиясы еле кеппегендей.
Соннан бирдей рухланған,
Келип турған улынг мендей.
Текшелерде турған ктап,
Узақ тунлер сен оқыған.
Озинг қандай сақласанг тап,
Ҳазирде ол сондай турған.
Жазу стол, даует, қалем,
Козге ысық коринеди.
Қосығынгды путкил алем,
Ядға алып уйренеди.
Шар айнада турған шашынг,[1]
Ол ерксиз тартты мени.
Тургеневтей жан жолдасынг,
Берген екен силап сени.
Бир маузерге тускенде коз,
Кетти журек аспанға ушып.
Тутқан екен Дантес жауз,
Кормей оны қарадым терис,
Сени олтирген Дантес малай,
Жоқлар болып кеткен асып.
Саған олим қазған сарай,
Оны бизлер алдық басып.
Александр Сергеевич,
Басынгды бир котерип кор,
Онегин ҳамь Татьяна,
Бағда ане, қдырып журь.

[1] Пушкин олгеннен сонг Тургенев Пушкиннинг шашынан кесип алып айнада сақлап, ози олерде Пушкин музейине бер деп тапсырған, булманда сол туралы айтылады. (*А. Б.*)



Бундай коркем сулу жерде,
Олар бурын журген бекен?
Биздей азат бахытлы елди,
Омиринде коргенбекен?
Албетте, олар корген емес,
Кимде болса оны англайды.
Ол даурде болған емес,
Бзинг елде нур жайнайды.
Бул бахытты бизге берген,
Уллы Ленин бул данамыз.
Усы омирди коп тлеген,
Сенде, бизде шадлықтамыз.

*1954-жыл. Ленинград.*

## НАБОРЩИКЛЕР

Балалар келип тынгласангыз,
Мен сизлерге айтаман созь,
Кандай нарсе оқысангыз,
Ол ктапта гезлесер тез.

Қайсындай бир зат болса-да,
Оқисангыз сиз ктаптан,
Тауда, суда ол турса-да,
Англайсангыз тап бир соннан.

Бул ҳаққында енг бир даслеп,
Сизге керек болды жазу,
Оннан кеин дым кестелеп,
Суретлерин тағы салу.

Оны калай шғарады,
Айту керек болды маған,
Кимлер оны атқарады,
Тарип етип жазу саған.

Крип барсанг баспахана,
Тамашалар бар ишинде,
Ким қассада, ким машинада,
Жurген ҳарким озь исинде.

Терушилер жуырып журь,
—Қайсыманнан мен теремен?
—Саған айтсам ана маннан.
Он алтыдан[1] мен тер деймен.

[1] Оналты—ҳариптинг тури,



— Курсив, узкий, полужирный,[1]
Касса-да жоқ не қламан,
— Разборный столға бар,
Керегингше алынг соннан.

— Ал сизлер кегель[2] оннан,
Исти дауам ете беринг,
Қолдағы исти болып жылдам,
Бугин кеште маған, беринг.

Улкен-кши бул ктапқа,
Козин тгип ҳамме қарар,
Бул ктапты дуканда,
Саат сайын бизден сорар.

Харип теру цехында усылай,
Ислер қзып алды рауаж,
Жарысенен бари солай,
Кирди иске дым ғажжа-ғаж.

А хариптен Я ға шеин,
Терип қолдан откереди,
Қиын исти кешке деин,
Брин қоймай питкереди.

Суретшининг суретин-де,
Клишеге сап алады,
Турь-спатын сулулап-та,
Таярлап дым саз қлады.

Уста келип бир тахтайға,
Беккем етип сурет қағады,
Кемис-кетик жерин онглап,
Орны-орнына қояды.

Буннан кеин қолға алып,
Бир адамлар қарап шғар,
Хате кеткен жерин дузеп,
Редактор онглап шғар.

[1] Ҳариптинг турлерининг атлары
[2] Ҳариплердинг улкен-кшиге болинуи.

Ал наборный цехка апарып,
Тағы оны тапсырады,
Сиз оқыған ҳарбир ҳарип,
Қорғасыннан қуйылады.

Оннан отсенг бир зуылды,
Қулағынга нық жағады,
Шырылдауықтай шыр айланып,
Зуу-зуу етип ол барады.

Корсенгизлер сизлер ктап;
Ҳарь бетинде бир сане бар,
Билсенгизлер қырқ мынг ҳарип,
Он алты бет боп қуралар.

Он алтыдан бир есаплап,
Машина атып шғарады,
Изли-изинен паттеге сап,
Исин адам атқарады,

Ктап ушын тағы-да бар,
Жуда керек бир машина,
Ҳарь табағын буклеп турар,
Адамдай боп барин ғана.

Қала менен аулларда,
Корсенгизлер сиз барлығын,
Киоск ҳамь дуканларда,
Жақсы ктап бул турғанын.

Ктап шғар усылайша,
Баспахананынг ишинен,
Блим нурын алып оннан,
Оқыр ҳарким керегинше.

Ктап алып оқығанда,
Омир гулим деп қадирленг,
Ленин созин бул ктапқа,
Наборщиклер терген билсенг.

*1955-жыл, сентябрь.*



## КОК ЧАЙ

Кок чай толған чайник алдына алып,
Отырар кемпир-ғарры гуррингин салып,
Откенди коз алдына келтиреди,
Козинен моншақ-моншақ жас ағызып

Бир уақта суық демин ишке тартып,
„Ол кунде-кунбе“ дейди созь ағытып,
Бир кесе чайға сонда болдық зару,
Қайғымыз куннен кунге бастан асып.

Мнекей, енди бизде бари таяр,
Барьжай болып орынланды бизде жойбар,
Садаганг биз кетейик партиям,
Жоқ болды бизди езген залым байлар.

Компартия болмағанда болар-ма едик,
Жадырап биз шадланып журер-ме едик,
Козимнинг шрағы усы, нуры-да усы,
Усы кун болмаса кун корер-ме едик?

Жайма-шуақ кун нурын салдынг бизге,
Шрайым шғып қанлар кирди жузге,
Шаршамай ислей берсем деймен ҳаркун,
Олмесем жасай берсем „жузден-жузге“.

Деп бзинг кемпир-ғарры айтады созь,
Ҳаркимнен еситемиз корип тур коз,
Сонынгдай кок чай бзинг татлы палдан,
Боласанг ишкенингде дым арьмансыз.

Адамлар қумар еткен татлы кок чай,
Мен ишип сени бугин ҳазлик еттим,
Ишкенде жағар жанға сонынгдай пай,
Отырып кок чайды ишип тасийн еттим.

Мен иштим бойымдағы шаршау кетти,
Кеулим котерилип кокке жетти,
Ал кызлар қасын қағып назлар етип,
Кеулимди ол еритип жанға отти.

Дастурхан толы нанға кеулге унар,
Гулленип жер-жаҳанда кокте жайнар,
Чайникти алдынга алып ишсенг кок чай,
Ҳиялынг алемди алып аспанда ойнар.

Столда тарелкада алма, анар,
Жегенде паллар татып тарқар қумар,
Бир кесе чайды ишип терлегенде,
Қан жуырып еки бетинг гулдей жайнар.

Корсенгиз бзинг жердинг еллери абат,
Бес бармақ, сары палау жейди набат
Кунде той, кунде шадлық маслик бизде,
Гулленип гул-гул донген қызлары шад.

Қолында шны кесе улкен аға,
Жадырап кун нурындай турар мудам,
Қасында Озбек, Қазақ, қарақалпақ,
Инилери омиринше бир туысқан.

Туркмен, тажик, қырғыз, татар ҳамь грузин,
Кореди дастурханда бирдей озин,
Кок чай кеселерин толтырып ап,
Ишкенде ағытады создинг изин.

Халқлары бзинг елдинг корсенг сондай,
Суйеди брин-бри корип жандай,
Бул дослық омиринше оппес дослық,
Ким бузбақ болса ози болар журдай.

*Январь, 1955-жыл.*



### МЕН-ДЕ ОКТЯБРЬ УЛЫМАН

Мен дуньяға келгенде,
Жанған еди ушқынынг.
Апыл-тапыл жургенде,
Орлеп тасып тасқынынг.
Орлеп тасқан тасқыннынг,
Алдын кимлер қайырар,
Урлеп жанған жалыннынг
Шоғын кимлер жасырар?
Ошире алмас оны адам
Тутасып жалын болған сонг,
Ортлей берер ол мудам,
Сен-де сондай кун сайын,
Шоқ болып жанып орлединг.
Жаузлардынг абайын
Ныққырт етип жерлединг.
Кабырғасын жауздынг,
Соккенде мен онда едим.
Сол кун жанар тауынынг,
Алысқан отын серледим.
Сонда думан ишинде,
Туншығып ғой журь едим.
Аралдынг кок жиегинде,
Кунге қарап тур едим.
Ашып думан қабағын,
Кок ала толқын толқыды.
Жанған шоқлар шапағын,
Кокке алып шалқыды.
Соннан берли мнекей,
Нағыз қырқ жыл болып тур.

Жеримди корсенг анекей,
Гул шрайға енип тур.
Жасым менен жасынг тенг,
Курдасымсанг Октябрь,
Он жасымда келип енг.
Бахыт берген Октябрь.
Жаханға бахыт тарады,
„Аврора"нынг залпынан.
Халкпенен алға талпынған
Мен-де Октябрь улыман.

*1957-жыл, Нокис.*



## ҚАЙШЫ ҚУЛАҚ

(*Фельетон*)

Гейпара колхоз баслықлары колхоздынг орталык малына берилетуғын шопти озининг меншикли малына жумсайды. Сонынг арқасында колхоз маллары. асресе атлары бахарде арып, орнынан тура алмайды.

(*хабаршынынг хатынан*)

Қайшы кулақ астымдағы ареби,
Даулетияр Саркушынан кем емес.
Алпамыстынг минген аты Шубары,
Астымдағы торы атқа тенг емес.

Ҳадегенде озар қанатлы қустан,
Дойнағы наҳали алтын гумистен,
Бундай ябы табылмайды ҳешжерден,
Буған Қоблан минген Торы тенг емес.

Тақым қсып шу дегенде бултқа ушар,
Горуғлынынг ғиратына дым усар,
Журисине қызлар танг боп қарасар,
Сондай жорға басқа атлар тенг емес.

Қамшыны урған сайын тасады,
Ғайратланып алға қадем басады,
Жапты корсе жер бауырлап жатады,
Сондай кушли басқа атлар ат емес.

Кокти гозлеп танаулары парлайды,
Желмаядай ушып барьқа ҳарлайды,

Билмегенлер жаман ат деп қорлайды,
Маған жақсы, басқаларға ат емес.

Қашқан қоян қуғылап ҳеш жете алмас,
Жуырған анг, ушқан қуслар жете алмас,
Бир кишкене салма болса оте алмас,
Гайраты „зор“ ҳешбир атқа тенг емес.

Мынг қамшыны урсанг адым баспайды,
Олемазлап алға адым атлайды,
Тайбурылга турь-спаты усайды,
Бундай ат жоқ, баска атлар ат емес.

Желге қарап ҳаруакытта еснейди,
Бие корсе гулдир-гулдир киснейди,
Тортке болип бир арпаны тислейди,
Сондай „ҳасыл“, басқа атлар ат емес.

Айта берсем ағар создинг булағы,
Шаншылады бултты гозлеп кулағы,
„Алға бас“ колхозынынг прағы,
Бундай ат жоқ Асан бикар сойлемес.



## САПУРА

Айтсам қосық дастеленип келеди,
Қатарласып тартипленген турменен.
Салсам нама озь жолларын бледи,
Келисуин корсенг жақсы саньменен.

Жолыменен ҳарбир қосық басланса,
Қол қаусырып турар музаға сонда,
Менинг досларымнынг уақты хошланса.
Ҳауазым жанглайды пуктил дуньяда.

Менинг озим аса шаир емеспен,
Шаирлық талантым турмыстан оскен,
Уатанымнынг азаматы болуға
Умтыламан озимди кем демеспен.

Откен асир геройларын тудырған,
„Бзинг заман геройы“ деп калдырған,
Лермонтовтынг шғармасын оқысанг,
Қзықтырып миирингди қандырған.

Шиллер, Байрон, Пушкин, Бердақ геройы,
Омир сурип манггиликке жасайды.
Олар жазған ҳасыл гауҳарь созлери,
Жайнап турған алтын кунге усайды.

Оқығаннынг елжиресин журеги,
Халқтынг идеясы турсын дасьтанда.
Жер, коклерди жанглатады ҳауазы,
Шаир дослар бирге унин қосқанда.

Десе адамлар сози қандай келискен,
Жазған сози бир-брине жуп тускен,
Маржан янглы қатарласып дзилип,
Қапиясы танг калғандай уйлескен.

Келистирсенг коркемлигин қосықтынг,
Алып шғар ози сонда жарыкқа,
Жыллар отер қосығынгды тат баспас,
Қумарланып, суйип оқыр халқта.

I

Алтын сауле жарқыраған кун кулип,
Жердинг усти козди тартып доланған.
Коркем дала нурға абден безенип
Жас сулудай гул бағында таранған.

Аспанда ай, куннен жарық сауле алған,
Булбил ушып шаменлерде сайраған.
Сулу сымбат коркем санли далада,
Колхозшылар қуанысып ойнаған.

Жер менен кок бугинги кун жасарған,
Алтын куннен жер жаҳанға нур тамған,
Шад турмыстынг қушағында елимиз,
Кеули осип куннен-кунге жайнаған.

Жерим сулу, қандай жақсы суйемен,
Суйгенимнен кеулленип осемен,
Уатаныма урынса егер душпанлар,
Қолға қлыш алып басын кесемен.

Жер менен кок алтын тангға боленген,
Сулу коркем санлар менен безенген,
Ақ алтыннынг жапрағы гулленип,
Социаллық майданында турь берген.

Шаменлерде булбил ушып сайрайды,
Сози алып бултқа ушып ойнайды,
Елеслетип откенлерди коз алға
Жанга омирге қадем басып жайнайды.



Киятырсам жолда ислер қайнаған,
Минет ери елдинг мапин ойлаған:
Ҳаммесинен алда журь ғой Сапура,
Блай қосық айтып жузи жайнаған:

Табысларға боленген.
Коркем ашық даламыз,
Социалистлик турге енген,
Аул менен қаламыз.

Қосық айтып қуанған,
Ата, ана баламыз
Блим алып жетискен,
Бзинг жанга санамыз.

Деген қосық жанглатады атызды,
Иске йошландырып гуллан адамды
Ылғаллы ислеген анау Сапура,
Шын журектен суйген жанға заманды.

II

Тербетилип қиял алып қашады,
Бултты кесип котерилип ушады,
Қанат жайып паруаз етип аспанға,
Барған сайын балентленип ушады.

Созим қанат байлап ушса хауада,
Музам сайран етсе, путкил дуньяда,
Арасында бултпенен аспаннынг,
Доска жетсе бариненде зияда,

Менинг музам Сапуранынг ишинде,
Менинг музам уллы халқтынг кушинде,
Сапура қыз Москваға барғанда,
Музам гезди Кремльдинг ишинде.

Гул-гул жайнап уатанымыз турленди,
Булбил сайрап бугин бағ-да гулленди,
Колхозында ис корсеткен Сапура,
Москваны корип нурға боленди.

III

Танг нурының құшағында кулимлеп,
Бугинги кун саз шертилип ойнайды.
Миуаға малынған колхоз бағында
Танг сахарде булбил ушып сайрайды.

Коше бойы қатарласып мынгсан жан,
Жол бойына козин тгип қараған
Сапура қыз қашан келер екен деп,
Сбырласып бир-бринен сораған.

Дизбеклесип келди машин сол ара,
Алға умтылды жиналған халқ ғалаба,
— Салем сизге Кремльден халайық,
Деди: машинадан тусип Сапура.

Созь сойлесе пал тамады аузынан,
Харь созин еситсенг зейнингди ашқан,
Шапшып журек куанышқа боленип,
Хурметпенен қарсы алды тум-тустан.

Бардым Москваға, кордим баринде,
Отырдық биз Кремльдинг торинде
Досларменен ушырасып сойлестик
Ис корсету бахыт совет елинде.

Партия, халқ қадирлейди барьхама,
Минетте даңгқымнынг жауланы артты.
Кремльде копшиликтинг алдында,
Берди орден менен алтын саатты.

Жалғыз маған берген емес бул саат,
Копшиликке берген уллы наград,
Қандай болдым кординг мне жолдаслар,
Омирликке енди болдық биз азат.

Тарихымды барингиз-де блесиз,
Бугин қандай болдым, ол аян сизге.
Бахытлы Уатанда хызметлер етип,
Ис корсету керек барьхама бизге.

Деген уақта хамме анг-танг боп қалды,
Жиналған халқ қызға назерин салды,



Тойға таярланған еди колхозы,
Мне Сапуранынг тойы басланды.

Басланды той қызды майдан ишлери,
Тасқынланды жгитлердинг кушлери
Ат шабысып, ылақ ойнап далангда,
Шықты колхозшынынг шадлы сеслери.

Бир жеринде ылақ ойнап тартысқан
Екиншиде палуан тутып алысқан,
Ушиншиде патефонды жанглатып,
Жиналған топ шадлы-куррам қуанған.

Жане бир жер топланысқан адамлар.
Ортада отырған бақсы, жраулар,
Сазлап алды қолындағы қобызын,
Откен халдан айтты узақ дасьтанлар.

Қосық айтса аспанда ай куледи,
Бақсылар кем-кемнен шағлап йошады.
Сестин қосып сайрап турған булбиллер,
Женгис жолы деген хауаз қосады.

IV

Тынгласангыз онынг иси басланды,
Коринг қане болған усы дасьтанды,
Бугин азат болса бзинг Сапура,
Откен иси қандай халда болғанды.

Салсанг жолға безилдейди зарлы қыз,
Бултлар басып коринбейди ай-жулдыз.
Нусер қуйып жер жузине кун жауып,
Жарық дунья тудырмайды хамь кундиз.

Сол қарангғы турмыс отти бул бастан,
Талай адам етти оны шын дасьтан,
Сонынг бри Қатиранынг тарихы[1]
Хақиқаттан коринг оқып тарихтан.

[1] Қатира —„Қорлықтан азат“ пьесасынынг героинасы (*автор*)

Зарлы болған ауел онынг жырлары,
Адулеген оны ҳалқ мунглары,
Гунгрентип тау тасларды ҳауазға,
Қу далада тарқатылған сырлары.

Ҳауада булт думан басқан жер жузин,
Жарлы сорлы коре билмес кун козин,
Сол кунлери жлан жайып заҳарин
Уын жайып шаққан қыздынг ол танин.

Буннан басқа неше қызлар-да откен,
Уу турмыста зар енгиреп жас токкен,
Ширин менен Лайли қыз-да дуньяда,
Мунгы менен тау тасларды гунгренткен.

Нешше шаир дасьтан қылған оларды,
Зарлы кунде зар жлаған қызларды,
Қайғылы мунг, олим басып гум еткен,
Фарҳад Ширин Лайли менен Мажнунди.

Қатираны корсенг ҳазир мунглы емес,
Қайғыланған қара туннинг кулы емес,
Азат болған Октябрьдинг тангында,
Сапура мен бирге оскен иргелес.

Қатираны хазир қоя турайық,
Анггимени басқа жаққа бурайық,
Озимиздинг Сапура қыз хаққында,
Тынгла оқушым азмаз гурринг қлайық.

## V

Қарангғылық қаплаған сол заманда,
Жердинг жузин қара бултлар орады,
Қайғыменен турмыс кешип дуньяда,
Минеткешлер кун кореалмай зарлады.

Тағдир солай сизде дейди не шара,
Журекте от қаплап еди ҳамь солай,
Кун кореалмай журди жарлы бишара.
Заман солай болса оған ис қалай.



Куннен-кунге турмыс тусги аурға
Оған қарсы болды гурес ишара,
Сол кунлерде мен жасаған аулда,
Пирман деген ғарры болды бишара

Сол Пирманнынг қзы еди Сапура,
Дасьтанымда айтқаным жоқ асыра,
Ренг берген гулдей жузи жайнаған,
Сулу еди тангланғандай бир пара.

Сапуранынг акеси ол камбағал,
Омиринде корген емес дунья-мал,
Азанда ишсе кеште ишер тамақ жоқ,
Омир суру болды тап тастай қамал.

Қара тунде қайғыланды ол адам,
Турмыстан қсылды, ислеп таппай нан,
„Қолда бардынг ырысы бар“ дегендей,
Қзы қолда қзыл гулдей жайнаған.

Ай, жыл отип қыз ер жетип келеди.
Ғарры кемпир ортасында журеди.
Бри „қыз“ деп, бри „ул“ деп адулеп,
Бетлеринен гезек-гезек суйеди.

Улым кел деп акеси ол шақырса,
Оған қзы шадланады тасады.
Қзым кел деп шақырып ап қасына
Суйип ана баурына басады.

Сойлегенде аузынан пал тамады,
Корген жгит ҳайран болып қалады.
Ақ жузине ренг берген гул нокат.
Қарағанда коз қумарынг қанады.

Бойлары бар суп-сулу боп жаралған.
Сумбил шашы аяғына оралған,
Он тортинде туған айдай доланып,
Неше турли назларменен таранған.

Ата-ананынг арасында қыз осги,
Бир хошрей гулдей болып жетисти,

Откеннен сонг жас балалық даурден,
Ҳаркимлерден келип қызға созь тусти.

VI

Неше адам келип созь-де салады,
Алмақ болып кеули осип толады.
Даулен бай-да ашық болып бул қызға,
Аламан деп журтқа хабар салады.

Ҳеш адамға созь байласып тимейди,
Акеси-де бир ауз созь демейди,
Даулен бай кеп қанша зорлық қылса-да,
Қыз ойынан Жумабай ҳеш шықпайды.

Ол кунлери Жумабай-да жас еди,
Сапураменен екеуи тенг дась еди,
Сол уақытта қызға айткан бир сози,
Ҳаммемиздинг ойымызда яд еди.

„Қызлардынг ишинде бойларынг шнар,—
Бир заман кормесем боламан қумар,
Сол бағдынг ишинде алма ҳамь анар,
Мушкилим ангсат ет қойма бул зарға".

Қызлардынг ишинде сен-сенг қанысанг,
Ашық болсанг машығынгды танырсанг,
Қайыл болсанг бзингменен боларсанг.
Мушкилим ангсат ет қойма бул зарға".

„Қызлардынг ишинде сен-сенг қзыл гул.
Гулге ашық болған бизлер ҳамь булбил,
Бир созь айттым ендигисин озинг бил,
Мушкилим ангсат ет қойма бул зарға".

Еки бирдей жаслар жайнап тасады,
Нама қосып ҳарь маниге басады,
Журеклери алып ушып лупилдеп,
Брин-бри бауырына қсады.

„Билсенг егер жолынгызға мен курбан,
Сенинг ушын мен жанымды қиярман"



Усылайынша созь байласып ғариплер
Кеулленип болып кетти шадыман.

Еки жастынг кеули ости далада,
Кун жарқырап сауле шашты азада,
Кеули осип жуда аньжам болған сонг,
Гезек-гезек суйисти олар тағы-да.

Еки ғарип кулип-ойнап қуанды,
Лапке-лапти қойып ҳамь-де поса алды,
Налет-айтып залымларға сол манда,
Шады қуррам болып уйлерге қайтты.

VII

Жулдыз жайнап қара тунди кақ жарған
Саулеленип ай жарқырап турь алған,
Беттен суйген танг самалы қтықлап,
Уйде жатқан Сапура қыз оянған,

Жмынглаған ай аспанда жайнады,
Шашыменен Сапура уйде ойнады,
Усы маҳаль жабығынан сғалап,
Аш боридей Даулен бай-да қарады.

Желпилдейди тунглик ушып ҳауаға,
Бреу келип тынглағандай сауаға,
„Ҳа" кимсиз деп сораудан-ақ Пирман шал.
Есик ашып крип келди „бай аға".

— „Кел бай аға торге шғып отырынг",
— „Ҳеш қозғалмай уйингизде тек жатынг!
Жылдам келип тутынг қызды жгитлер,
Бақырмасын аузын байлап жонелинг!"

Сонда келип қаршылдаған жгитлер,
Тутып алды Сапураны буликлер,
Кемпир менен шал ҳамь турып
орынан
Парьманменен қызды барып туттылар.

Арман-берман, Сапураны тартады,
Шил паршалап кимлерин жыртады,

Ышқы отына куйип жанған Дауленбай,
Қызды алып тунь ортада тартады.

Ат устинде Даулен байынг йошады,
Жулдыз ойнап брин-бри қушады,
Жол танабын кем-кем балент қуырып,
Тау киинктей котерилип асады.

Тарлан торы буркып шауып ойнайды.
Ауздықты ғыршылдатып шайнайды,
Тебинггиден терлер шғып буркырап,
Аққан сайын Даулен тасып жайнайды.

Журген сайын кзып кѐули тасады,
Буркылдатып шангды аспанға шашады,
Ат устинде қосық айтып Дауленбай,
Созди алып ҳарь маниге басады,

„Жгитлер сурингглер бес кун дауранды,
Енг жақсы жананнынг откен жайлары.
Қзы Шаббаз ханнынг Шасанем жанды,
Ғарип ашық алып жатқан жайлары.

Басынан аяғы тамамы адеп,
Лалы маржан тақса тислери садеп,
Ол қошки ҳайуанын тилладан безеп,
Мурадыны ҳасыл қылған жайлары.

Булбил, кеклик ушар ала тауларда
Қыз жуанлар алма атар бағларда,
Сазы-саубет қурып ақ отауларда,
Ғош жгиттинг шарап ишкен жайлары.

Мен ғарип ел гездим ғош жгитпенен,
Алма коз дал бедеу ҳасыл затпенен,
Орим-орим шашлар қырмызы баден,
Топраққа былғасып жатқан жайлары

Даруаз қурып алтын қабақ аттырып,
Мойны қулаш дал бедеуди шаптырып,
Хош топраққа хош қалканын қаптырып,
Ғош жгиттинг шейт олген жайлары“



„Тунь ортада атқа мнип шапғанбыз,
Кеулге алған мақсетлерди қылғанбыз,
Сумбил шашлы қара козли сауерди.
Бугин алып бзинг кушқан жайымыз“.

Усы созди айтып залым тасады,
Бурқасланып атқа қамшы басады,
Зар жлаған зарлы қыздынг дауысы,
Тау жангғыртып жер жаҳанға асады.

VIII

Су ағады салмалардан сарқырап,
Саулеленип кун шыққанда уядан,
Турли сайға су қуяды буркырап,
Баҳарь болып кун жлынса уядан.

Баҳарь айы қандай жақсы нур тамған,
Осимликлер гул шғарып нурланған.
Жақсы ислер кокрекке орнасып,
Табиғатқа хошрей боп жарасқан.

Баҳарь айда сулар тасып қайнаған,
Кобик шапшып толқынлары ойнаған,
Сондай сулу баҳарь айдынг ишинде.
Қайғылы омир адамзатты тойдырған.

Қайғыланып думан басқан жер жузин,
Корсетпейди ҳеш бреуге кун козин,
Бреулерге болса ашық саулели,
Екиншиге тусип турған қара тунь.

Қайғыланып қара тунде зарланған,
Бултлар кошип арман-берман қозғалған,
Аспи жаллеп қанды сорғыш Дауленбай,
Сапураны жаман ҳалда хорлаған.

Даулен кулип шадланады йошады,
Журек шапшып аль-аспанда ушады,
Суймек болып қызға қарай қол созса.
Айтқанына Сапура ҳеш болмайды.

Соннан Даулен ашуланып қзады,
Сапуранынг шашын кесип жулады,
„Сен кунгимсенг, сен кулымсанг қатын“
деп.
Азап берип кунде урып соғады.

## IX

Ашық емес, ҳауаны булт қаплаған,
Кайғыланып қара думан қозғалған,
Гумис кунлер кокте ҳешбир кулеалмай.
Зарлы думан ортасында қамалған.

Қара ала булт аспан жузин басады
Минеткешлер мунглы зарын қосады,
Дутар қлып қолындағы таяғын,
Жумабай-да қайғылы зар асады.

Ол шерткенде гунгренер жер аспан,
Булбил ушып Сапура деп сес қосқан.
Сол уақытта биҳуш болған жас жгит,
Есин жинап бойда жгери тасқан.

Булбилменен сайраған бағларды гезип,
Иштеги дартимди таба билмедим,
Зарлайман тоғайды басыма киип,
Ортенген журекти баса билмедим,

Шоқ болып журегим ортенип жанды,
Иштеги хаурди баса билмедим.
Дартимнинг дауасы алды жанымды,
Емлерин кдырып таба билмедим,

Куни-туни сарғайып геземен тоғай.
Дартимнинг дауасы болмайды онгай,
Жолыма курылған бир қақпан жатыр,
Қайткенде жоқ қлып шғаман онгай.

Сойлесенг созингиз шғады аспан.
Коп созди баян қлып айтады дасьтан,
Бақшада гулленип оскен бир булбил,
Сайрасанг журегим болады бастан.



Айтсанг қосық жанггырады сазбенен,
Булбил ушып келеалмайды ғазбенен,
Тербетилген жас журектинг киялы,
Созь айтады ҳардам киял назбенен“.

Бул тоғайда усылай зарлап жласа.
Сапура қыз уйде турып зарлайды,
Даулен байдынг азабына шдамай,
Жумабай—деп куни-туни бозлайды.

„Жангбыр жауса қатты жерлер бос
болар,
Ярым келсе қара кеулим хош болар,
Козин тауып бир амалды қылмасанг.
Козим толған молдиреген жас болар“.

Жангбыр жауса жер болады ылайсанг,
Жолда козинг куни-туни жлайсанг.
Журегимде бир запыран қадалған,
Оны алып қашан азат қласанг.

Аспанда ай едим жерге тусип қурыппан,
Наушедейин қзыл гулдей солыппан,
Саған тускен дартли уайым қайғыға,
Менде ортақ кел Жумабай турыппан.

Айым турып, бултқа барып жетистим,
Қумған турып жер аузынан су иштим,
Шбын жанды мен жолынга салайын,
Кел Жумабай сенинг ушын уу иштим.

Қаршыға едим торға тустим байландым.
Азап тонын киип жаным қиналдым,
Жауз байдынг қармағына тустим-де.
Азаппенен темир торға байландым,

Жанған журек ортенеди шоқ болып,
Хабар алып жардем берер ксим жок,
Жас басыма келди менинг тап болып,
Қол байланды қозғалуға дарьман жоқ.

Мен толеде куни-туни жлайман,
Сел-сел қлып коздинг жасын булайман,

Мирим етип ашығынгды алмасанг,
Еки қолым жағангда мен зарлайман,

Залым Даулен залымлығын клады,
Азап берип ақыретке салады,
Енди келип мени аман алмасанг,
Бул зинданда кур суйегим қалады.“

Усыны айтып турғанында Сапура,
Қарабай ҳамь жлайды оған қосыла,
— „Сапуражан айтарынгды айт маған,
Жеткерейин Жумабайға мен аман“.

Деген уақта ушып турды орнынан,
Салем айт деп услады берик қолынан,
Сонынгменен созин баслап Сапура,
Блайынша салем деди достына:

„Қанша айтсамда коп котерген назымды,
Мынгнан зият корген қара басымды,
Бир жаман қус илди ақ тось ғазынгды,
Деп айтқайсанг бзинг ярды коргенде.

Ақ тось ғазынг жаман куска жем болды,
Ақырында жапалактан кем болды,
Ашығынгнынг жгербенти қум болды.
Деп айтқайсанг бзинг ярды коргенде.

Қия шолде минген атынг суринди,
Қапа шегип окпе-бауры тлинди,
Бир жаманнынг тырнағына илинди,
Деп айтқайсанг бзинг ярды коргенде“.

Майданда мал бағып журсе Жумабай,
Оған келип хабар тусти мнадай;
Бул хабарды алып келген жолдасы,
Дауленбайдынг уйиндеги Қарабай.

Узақ турды гурринглести екеуи,
Бир-брине созди айтып иштеги,
Сапуранынг қандай халда турғанын,
Ашық қлып Жумабайға сойледи.



Дауленбайдынг қызға ашық болғанын,
Ақшамында алып қашып барғанын,
Барғаннан сонг азап берип нашарға,
Айтты онынг жер толеде койғанын.

— „Журе алмадым исти корип жолдасым,
Ҳақиқаттан адамшылық намысым,
Не қылсангда барып оны сен қутқар,
Айтар созим усы менинг сырласым.“

Деди, созди тамам қылды Қарабай,
Басын томен салып турып Жумабай,
Суық демин қатты турде алды-да,
Атқа минди сол заматта қайна-қай.

## XI

Ҳауа думан айдынг жузин қаплаған.
Аяқ жолды корер сауле таппаған,
Усы думан қаранггылық ишинде,
Адым атып ербенглеген бир адам.

Журген сайын булт ығысып кошеди,
Харь уақытта айдан сауле туседи,
Жмынгласып ҳауадағы жулдызлар,
Туннинг иши, салқын шамал еседи.

Атса адым журекке шер жамайды,
Қайғыланып Сапура деп бозлайды,
Қайғыланған кара тунди қақ болип,
Ол блайша созди айтып зарлайды:

— Неге шад боп жайнамайсанг кун кулип
Сауле шашып ойнамайсанг нур берип,
Қабағынгды бирдей жауып қамығып,
Қара тунде туншығасанг „аҳ“ урып.

Ҳарь уақ шықсанг қуанасанг булттан,
Кулип ойнап шад боласанг урттан.
Коре алмаған ашықларын, Ғариптей,
Бултқа снгип жоғаласанг қайтадан.

Айда турып сазланасанг сеи озинг,
Думан басып сарғаяды ҳамь жузинг,
Ози алып журтқа жаймай саулесин,
Батып-семип жоғалады жулдызынг.

Журген англар, ушқан куслар шдамай,
Тум-тусынан алды оны қоршалай,
Мунгын айтып зар жласа оларға,
Қайғырады капа болып зар жлап.

Усылай салып зарлы қыздынг намасын,
Кокирекке уллы шерди жамайды,
Оннан кеин женгис жрын жанглатып,
Зарлы қыздынг жолын басып сайрайды.

Сайран етип барды зиндан қасына,
Балталады бузды тангнынг алдында,
Сол уақытта жадыраған алтын кун,
Сауле берди еки бирдей ашыққа.

XII

Еки ашық қуанысып ойнайды,
Саулеленип бугинги кун жайнады,
Азат болып Октябрьдинг тангында,
Шаменлерде булбил болып сайрады.

Аспанда ай қойнын ашқан кун кулип,
Сулу сымбат гулин шашқан нур тогип,
Жердинг жузи гул-гул жайнап жарқырап,
Жгер тасып аманласқан шадланып.

Сапура, Жумабай кулсе—ай кулер,
Оскен жери шадлы омирде гул донер,
„Женгис жры" деген нама ол шертип,
Жарқын жузи кундей болып кулимлер.

Мен ойнайман ашылған бағ бостанда,
Жерим жайнап тасқан гулистанда,
Еки ашықтынг брин-бри суюи,
Шын манисте болды бзинг заманда.



Суйдим жерим, суйгенимнен танбайман,
Омиримше уатанымды жырлайман,
Шын берилди саған жаным, кеулим,
Бари сенлик жаным, таним омирим.

Усылай айтып жрау созин питкерди,
Отырған ҳалқ қуанышпенен жопледи,
Еллер азат бағы бостан болды деп,
Шадлар болып кеулли иске жонеди.

*1938-жыл.*

## ТУЫЛҒАН ЖЕР

Бул жаздынг кешинде жайнаған гоззал,
Хош кеул шаирға сойлемек абзал.
Ҳарь жерде топланған ҳауада бултлар,
Тенгизде қалқыған қайықтай олар.
Толған ай нурларын алемге салар,
Халқымнынг устинде шадлықта болар.
Мен туылған колхоз Ленин атында,
Жырлауға ылайық ислер бар онда.
Бағлары бар қзыл гулдинг маканы,
Қандай жақсы гулдинг ғумша ашқаны.
Назлы салем берер гуллер ырғалып,
Булбиллер ушады қанатын қағып,
Ҳарь кеше шад болар, онда болып той,
Бахытлы турмыстынг той-да сани-ғой,
Айналарын ашар жазда ҳамь баҳар,
Ҳарь кун кеште қыз-жгитлер саз шалар,
Гул құшақлап қосық айтып куледи,
Тунде айда гумис сауле тогеди.
Ильич лампасы бар ҳарь уйде шра,
Ай туып жақты кун салғандай ара.
Бир қыз шығып шар тарепке қарады,
Ярыменен жолда журип барады.
Корсенг ярын адам ҳайран қалғандай,
Сулу қызлар корсе суйип алғандай.
Откир қара козли, ол қонгыр шашлы,
Орта бойлы, қара муртлы ҳамь қаслы.
Онынг ози дым жас жгит нур жузли,
Блимлерден хабары бар ҳарь турли,
Жгирма еки, жгирма уште жасы бар,



Сазды шертип, қосық айтар кари бар.
Қуанғаннан шаукилдесер журеги,
Алда уллы еки жастынг тлеги.
Усылайынша узақ уақыт журдилер,
Жанга жайдынг қапысынан кирдилер.
Сасенем қыз мақтауыма ылайық,
Сол ҳаққында шаир созин тынглайық.
Қарангғы кеш тынық, айсыз, жулдызсыз,
Ақ жузинен болар жарық дым кундиз.
Ақ жузинде жарасықлы қалы бар,
Сулулығын корген адам тангланар.
Назларменен сулу қасын қағады,
Қас қаққаны жас журекке жағады.
Еркелеп ярына қол салып жанан,
„Кобзарьды“ қолға алып оқыды соннан.
— Бул қандай ажайып жазылған дасьтан,
Оқысанг созине боларсанг бостан—
Деп гоззал ярынынг бетинен суйди,
Ойнасып-кулисип уйқыға енди.

* * *

Танг шамалы келип зулпын қаққанда,
Шолпан жулдыз туып, танг атқанда,
Сасенем қыз жатып сонда тусь корди,
Қолында „кобзарь“ бар Тарас сойледи:
— Тынгла созлеримди ҳей қзым, менинг,
Аралдынг атрапын бурында кордим.
Ол уақытта халқ нанға кута зар еди,
Козде жас, журекте қайғылар еди.
Бугин кордим Арал суы тулаған,
Сазан, суен жузип онда ойнаған.
Аму суы корсем бугин қайнаған,
Еки бойы бағы бостан жайнаған.
Қайсыманға барсам гулге оранған.
Бақсы, жрау қарсы алып, саз қурған.
Айланайын атынгыздан қаралпақ,
Гул-гул жанған басынгызға қонған бақ,
Куши асқан уллы талант ол Бердақ'
Дуньяға сен оны бердинг қаралпақ.
Ажинияз, Кунхожаны осирдинг,
Жиен-жрау, Отеш, Омар перзентинг.
Сарбиназ ҳамь Гулайымдай болды қыз,

Жау лашкерин қырған олар нешше жузь.
Халк единг усыларды туғызған;
Тиген жаудынг ордаларын коп бузған.
Уллы рус халқы болған бизге аға,
Бахытқа жеткерли партия дана.
Қулпы донип жеринг болған гулстан,
Бағда булбил сайрап болган шын бостан.
Украина-да сум турмыстан боп азат,
Гулленди кун-куннен болды ол абат.
Менде усындай шад турмыста журь едим,
Қзыл гулдинг қушағында тур едим.
Мне усы тныш омир бузылды,
Фашист итлер елнмизге топылды.
Бзинг уллы тынышлықты буздылар.
Кун нурына қанлы қолын создылар,
Шыкты елим душпанменен гуреске,
Аспан замин ҳайран болды бул иске
Уатандарлық урыс бугин басланды,
Киев, Орша, Минск отларда жанды.
Жалын алды аспан жузин қоршалап,
Келди душпан ел устине анталап.
Туысқаным қарақалпақ ул қзы,
Бир ғой бзинг бахтымыздынг жулдызы.
Атлан жауға батырлардынг урпағы,
Душпанға гор болсын, Уатан торпағы.
Мен шакырып келдим сенинг ярынгды,
Жаузларға берме намыс-арынгды.

* * *

Буны еситип Сасенем кыз турады,
Ҳайран болып тум-тусына қарады!
Коринбеди ҳешбир нарсе касында,
„Кобзарь“ жатыр дастык бетте-басында.
Бул нарсенинг тусь екенин бледи,
Билсе-де онынг дурсилдеп тур журеги.
Терезесин ашып гоззал карайды,
Даль гарданға қойып шашын тарайды.
Кетти сол уақ радио толкынлап,
Радио сестин турды ол тынглап.
Еситти фашисттинг елге тигенин,
Урыс ашып булттай донип келгенин,
Хабарды еситип ярын оятты,



Оған еситкенин бирме-бир айтты,
Атлан жаным тлеклеспен жолынга,
Жауға атлан, каруынгды ал колынга.
Елди қорға туылган сонг ел ушын,
Жан аяма елден ярым—бар кушинг.
Ит залымлар булдирмекши елимди,
Қул қылмақшы қарындас ҳамь инингди.
Жау урынса жгит шдап турарма?
Жолдас клып қаруынгды ал қолға.
Жау басқылап булдирмекши елимди,
Солдыра алмас жайнап турған гулимди.
Сен фронтта жауға салсанг уайранды,
Саған жардем корсетемен мудамы.
Саған жардем ушын халкым таяр тур.
Атлан ярым фашислерди коймай қыр.
Ойлан ярым, кеинге ҳеш шегинбе,
Келген жауды ҳаслан три жберме.
Билсенг ярым онип-оскен ел қымбат,
Қадирленген жаннан ҳасыл жер қымбат.
Қорқақ болып жаудан кеин шегинсенг,
Ол уақытта менинг ярым емессенг.
Қорқақ болсанг ҳешбир уакыт кормеспен,
Қоян журек жгитти яр демеспен,
Сонынг ушын урыста сен батыр бол,
Фашистлерди олтир, бизге душпан ол.
Уатан ушын олсенг озим бараман,
Жанынг ушын жаудынг жанын аламан.
Гулайымдай болып қару алларман,
Елим ушын жауға уайран саларман,
Мен орамал тикгим саған кестелеп,
Ярым создн тамам еттим дастелеп.
Бул орамал куат болсын яр саған.
Сағынғанда корип хат жаз сен маған,
Айтты жгит мна созди ярына:
— Мен неге шаппайын халқтынг арына
Бул топракта киндигимнинг қаны бар,
Мени осирген ата-анамнынг тани бар.
Бул топрактан шегинбеспен бир қадем,
Мне менинг ишкен антым ҳамь уадем,
Батыр болып қорғайман мен елимди,
Жау қолына ҳеш бермеймен жеримди.
Деген уақта суйди гоззал аймалап,
Яр бетинен поса алып умалап.

* * *

Музыкалар ойнап жаҳан жанглатты,
Ел устине тускен исти англатты,
Тунименен болды ойын, кулкилер.
Атлануға таяр болды жгитлер.
Гул қушақлап қыз келиншек жиналды,
Кемпир-ғарры бари қалмай топланды.
Уйди айналып қоршалаған балалар,
Ойын-ойнап шадланады ҳамь олар.
Ҳурметине жас батырдынг кеселер
Қағылысып берди ҳауаз нешелер.
Қобыз шалып, жрау басын былғады,
Чапаевтай батыр бол деп толғады
Жауға клыш ҳеш аямай урынгыз,
Три коймай барин тегис крынгыз.
Ворошилов, Буденныйдан улги ал,
Жау басына ер азамат, найза сал!
Жауға клыш урсанг аспан қалтырар,
Қаҳарынгнан қорқып душпан аҳ урар.
Жан аяма жас балалардынг гули ушын,
Жанын алынг, жаудынг балам жан ушын,
Атқа ер сал, қарақалпақтынг аулады,
Путкил халқынг жлауынгда болады,
Жауды женгип қайтып келсенг жанбалам,
Дасьтан клып мен айтарман бил балам.
Деген уақта котерилди ҳауазлар,
Косық айтты, қыз-жгитлер, жананлар.
Котирилип бар ҳауазбенен қалайық,
Қайда,—қайда батыр бизге ылайық.
Деген гезде таудан шыққан вулкандай,
Топты жарып келди ортаға Жумабай.
Ол ортаға келгенде халқ болды шад,
Нағыз батыр халқ улы деп берди ат.
Жыллы жузли қарсы алып батырды,
Жиналған журт шадлыкта танг атырды.
Жан-жағына жгит коз сап қарады,
Қия шалып ымлап ярын сорайды.
Бир-брине булар жақын келгенде,
Алып ушты журеклери сол жерде.
Дурс-дурс соғып журеклери урады,
Хош бол десип бир-брине қарады.
Кун жадырап шықты, жгит бапланды,



Жолға журу ушын енди тақланды,
Сол уақытта ана келип қасына,
Бир созь айтты баҳадыры, улына.
„Улым турма, атлан жауға, сал уайран,
Ғайратынга қалсын путкил ел ҳайран.
Қаршыға қус уясында жатпайды,
Ер азамат урыста кейн қайтпайды.
Қартайғанда қойма мени уятқа,
Қул болмайық аты фашист жаллатқа,
Сени қандай ул қып жаным осирдим,
Тарбиялап бул камалға келтирдим.
Уатан ушын сарп кламан кушимди,
Керек десе мен беремен жанымды,
Мен жолынга козди салып қарайман,
Бреу келсе улым сени сорайман.
Улынг батыр болды десе шад боламан
Қорқақ болсанг мени кормей кет балам.
Куни туни саулығынгды тлеймен,
Керек десе Комекбайды ҳамь жоллайман".
Бул созден сонг яр қасына барады,
Назларменен бир-брине қарады.
— „Гул ашығым қыз Сасенем сен единг,
Жастан бирге ойнап кулген тенг единг.
Кетер болдым ярым менинг созимди ал,
Ҳеш умытпай харь уақытта еске сал.
Қалдыраман озь орныма сауер яр,
Еки адамнынг исин атқар суйген яр."
— „Ажеп болар суйген ярым Жумабай,
Бул тапсырманг иске асар қайна-қай,
Исти қандай сен ислесенг ислеймен,
Намыс-арды ҳеш адамға бермеймен.
Кеширгейсенг, мумкин узақ боларсанг,
Жауға ярым сен уайранды саларсанг,
Жолларынгда қарап сени кутемен,
Еки адамнынг исин озим етемен",

* * *

Ытқып поезд алға қадем басады,
Будақлаған тутинлерин шашады.
Туылған жер Аму-дарья бойлары,
Гул-гул донип гул жайнаған бағлары,—
Журген сайын артта қалып барады,

Ушқан қустай жуйрик поезд шабады.
Қосық айтып дутар шерткен жгитлер,
Тез арада Чкаловқа келдилер,
Мне корсенг Россия жерлери,
Бағы бостан; аул, тоғай коллери,
Бул жер ушын неше-неше батырлар,
Тиген жауды жерге жексен қылдылар.
Александр Невский ҳамь Суворов,
Бул жер ушын ерлик етти Кутузов.
Бул батырлар елин жаудан сақлаған,
Халқ исенген исенимди ақлаған.
Бизлер усы батырлардынг урпағы,
Россия кута адули торпағы,
Сасенем узатқан батыр Жумабай,
Кута узақ ой-ойлады усылай.
Есик ашып коз салғанда Жумабай,
Москва тур коз алдында нур жайнай:
Бул Уатаннынг журеги деп куанды,
Тум-тусына қайта-қайта коз салды.
Токтап поезд жерге адамлар туседи,
Танг шамалы еки беттен суйеди.

* * *

Буннан бурын Москва-да болды ол,
Оған таныс бул карада коше, жол,
Жан-жағына козин салып карайды,
Яр-досларын корсем деп ол ойлайды.
Москва иши лыққа толған адамлар,
Бри калмай курал алып шыққанлар,
Қзыл майдан толы екен адамға,
Ушырасты Тамара ҳамь Иванға.
Олар бирге институтта оқиды,
Соннан берли мне ушь жылдай болды.
Тамара, Иван қолға шинелин алған,
Мавзолейге қарап кадемлер урған,
Оларды Жумабай солманда корди,
Жумабайға дослар қолларын берди,
— Кел Жумабай, кел, тезирек келингиз,
Атланарда Ленин жузин корингиз.
Кормейс-нг-бе мнау турған адамлар,
Ленин жузин корип ғайрат аларлар,
Досларменен бирге журип барады,



Ленин жузин корип рухланады.
Мавзолейден шыкканда куш қайнады,
Журек тулап ат басындай ойнады.
Бзинг Уатан гул омирдинг трегн,
Москва ол азат елдинг журеги.
Москваменен омир болды шын бостан,
Бағ миуелеп, еллер болар гулстан.
Москваменен омир азат болады,
Ер жгитке ғайрат кушлер толады.
— Бул қаланы жау қолына бермеймиз,
Қане фашист кушимизди корингиз.
Деген уақта Кремльдинг сааты,
Сазын шертип урды саррас алтыны,
Жумабай қайтадан вокзалға келди,
Тамара, Иванда усында еди.

* * *

Буннан сонг Жумабай фронтқа келди,
Фронтта урысты козбенен корди,
Гурпиллеген бомба, кудретли топлар,
Тынбастан атылды, жер, тау калтырар,
Жердинг шангы котерилип аспанға,
Самолетлер қаплап ушты аспанда.
Олимине қарамай жау умтылды,
Соққы алып жау жраға тығылды,
Бзинг ерлер жаудынг жолын тосады,
Жау олсин деп октан олим шашады.
Снауларды корип бзинг Жумабай,
Гуреске шнықты мне усылай.
Бир-еки рет сауашқа ол барады,
Досларменен бирге ерлик қлады.
Бир куни Жумабай сауаштан келди,
Оған досты Иван хат акеп берди.
Хатты алып жгит болды жуда шад,
Аулдынг хабарын акелди бул хат,
Ашып корип оқығанда Жумабай
Сасенемнинг ҳаты басланған блай:
„Уй артында гул бақшада,
Мен бир терек болсам еди,
Сол теректинг шақасында,
Жаным, сайрап турсам еди.
Ай жоқары, ай жоқары,

Айға мингим келеди,
Айға мнип томен қарап,
Сени коргим келеди.
Сен фронтта, мен аулда,
Баҳадырым суйемен,
Жумысымда болып алда
Саған комек беремен“
Ярдынг созин окып жгит шад болады,
Озь бойына ғайрат-жгер толады,
Суйген ярым умытпайман созингди.
Деген гезде болды тағы бир сауаш,
Топ, миномет усти-устине ғарша-ғарш.
Су орнына кошелерден ақты қан,
Уатаным деп батыр ерлер берди жан,

* * *

Полк артынан полк келип топланды,
Танклар жиналып жауға атланды.
Усти-устине гурсилдеди батарея,
Жаунгерлер алға басты ентелей,
Автомат ҳамь пулеметлер оқ шашты,
Хурейи ушып қорыққан фашист шуласты.
Тамара, Иванда алда барады,
Қаҳарманлар жауға уайран салады.
Иркилместен алға басты Жумабай,
Ғарпылдаған урыс болды қайна қай,
Қарсылық корсетип бизге сум душпан,
Оқ жаудырып қарсы алды тум-тустан.
Аспанда самолет кокти жанглатты,
Бомба таслап фашистлерди қулатты.
Атлы аскерлер туылған жер ушын урралап,
Алға басты клышлары жарқырап.
Танг атып нур қаплағанда даланы.
Бзинг ерлер алды, „Н“ атлы қаланы.
Изли-изинен снарядлар зулады,
Сауаш қызды копке шекем тынбады.
Жумабай журь ғайрат салып сауашта,
Қолында автомат, басты ол алға.
Манглайынан моншақ-моншақ ағып тер,
Журди ол, ал фашист қорқып дрилдер.
Тербенип жер, қалынг тоғай шайқалды,
Батыр ерлер жауға салды ойқанды,



Қазақ улы Еркебай ис баслады,
Манас батыр ауладлары хошлады.
Озбеклерден батыр Ергаш ер журек,
Жауды атып жықты манглайдан гозлеп.
Ретинде қундақ пенен урады,
Фашистлердинг геллелерин бурады.
Тажик улы Турсынзада қаҳарман,
Корсетип журь ерлик ислеп ол мудам.
Қарсы келген жауға найза урады,
Урғанынан фашист жерге қулады.
Туркменлерден Турдықлыш баҳадыр,
Деди: „documentослар ит фашисти айтып қыр!“
Азербайжан улы Уали пать алды,
Топылыс уақтында ол алда барады.
Суликидзе ер жгит ол грузин,
Он-онбес жау женге алмады бир озин,
Карело-Фин, Белоруcстынг уллары,
Жауды қырды ерлик ислеп мудамы.
Латвия, Литва, Эстон ерлери,
Жауға уайран салды Армян шерлери,
Украина, Молдавиядан неше ер,
Жауды урып ғайрат салып журдилер,
Коп миллетли елим кушли кудретли,
Дослықты партиям алға орлетти.
Сол маҳали айтып женгис намасын,
Дослар алға басты қосып ҳауазын.
„Азат республикалар бузылмас ауқамын,
Манггиге бриктйрди уллы рус халқы.
Жасасын халқлардынг еркименен қуралған,
Бирликли қудретли Совет ауқамы“ —
Деген уақта бойда кушлер тасады,
Жау птырап кеин қарап қашады.
Болип таслап сонда Иван жау алдын,
Жайпап урды қашқан фашист солдатын.
Қарауында жгирмадай кси бар,
Топ, миномет, пулеметтен куши бар,
Автоматтан оқ қуйдырды жауындай,
Рус қзы Тамараменен Жумабай.
Жол табалмай қашқан фашист тоқтады,
Батыр Иван гранатлар таслады,
Усти-устине автоматлар атылды.
Қанхор жаудынг ориси дым тарылды,
Бир маҳали тағы келди коп қузғын,

Қоршап алды Жумабайдынг тум-тусын,
Келуден жау тум-тусган оқ боратты,
Гозлеп, гозлеместен ретсиз атты,
Жау солдаты жер бауырлап келеди,
Нешелери киятырған оледи.
Кокте ушқан даулпаздай Жумабай,
Атысты жауменен ярым саттай,
Залым жаулар олгенине қарамай,
Умтылады алға қарай домалай.
Жумабайдынг кеги абден қайнады,
Қаҳарленди қанасына симады.
Жақын бир тасаға отпекши еди,
Жумабайға келип сонда оқ тиди,
Қулады ол, ерден куат кетеди,
Тағы оқтынг зардабы дым отеди.
Солай болса ҳамь сырды бермей Жумабай,
Салды ойран жауға қаны сорғалай.
Сол маҳалде Иван жетип келеди,
Келеди-де жауға соққы береди.
Ғаршылдаған жау ишинде ер Иван,
Тамараға берди орамал сол заман.
Жанга ғана усы маннан алдым мен.
Бул кимдики брақ анық билмеймен.
Орамалды қолға сулу алады,
Ондағы жазуға сонда қарады.
Гулге орап догерегин сазлаған,
„Қан ушын қан ал“ деген бир созь
жазылған.
Тағы да бир муйешин ап қараса,
„Жан ушын жан ал“ деген созь тур
жараса.
Буны корип Тамара ҳайран қалады,
Иесин изленип бле алмады
Жумабай деп жазған жазу кореди,
Иесин блуден оған келеди.
Алып келди ярдынг берген сауғасын,
Жарангды байлайын, жаунгер ер жол-
дасым
Тускен уақта орамалы ядына,
Жангадан куш, жгер кирди бойына.
Алды қолға автоматын қайтадан,
Ҳамь жанга дисканы оқларға толған,
Байлаған жарадан ағып тур қаны,



Оған блинген жоқ дым ауырғаны.
Автоматтан оқ жаудырды Жумабай,
Атты фашистлерди, атты аямай.
Тамара-да жатыр жақын окопта,
Иван-да тутып тур фащистти оққа.
Изли-изинен қанхор фашист кулады,
Оликлери ойда, қырда сулады.
Женгилген жау жатты сулап далада,
Жеттик бизлер тағы жанға қалаға.
Желбиреген қзыл байрақ аспанда,
Котерилди кокке қарап солманда.

* * *

Алтын сауле жарқыраған кун кулип,
Аспаннан ай нурын шашқан турленип.
Коркем дала абден нурға безелип,
Сазланды ел бугинги кун гулленип,
Аспанда-ай куннен жарық сауле алған,
Булбил ушып шаменлерде сайраған.
Сулу сымбат коркем гоззал далада,
Женгис жрын айтты бала шағада.
Танг шамалы беттен суйип қарсы алған,
Кремльден жер жузине нур тамған.
Шад турмыстынг қушағында Санем қыз,
Қарсы алып сауер ярын айтты созь.
— Жерим сулу, қандай жақсы суйемен,
Суйгенимнен кеулленип осемен,
Жауды женгген келши ярым, кел маған,
Ел қорғаған ерлигине ырзаман.
Жерим сулу алтын тангға боленген,
Сулу коркем санлерменен безелген.
Шадлық сести кокке орлеп тум-тустан,
Адам туе еситилер ҳамь кустан.
Оқты жауға атттынг ҳешбир аямай,
Душпанларды қырдынг жаным Жумабай,
Енди созлер шаирларға берилсин,
Қосық айтып, бақсы-жрау саз шертсин.

*1945-жыл*

## ОМИР

*(Су ҳаққында баллада)*

Қалемим қолымда отырман уйде,
Қиял шарлап, ой ойлаған бир куйде,
Бул қиялым ҳаужленип оседи,
Қалем шауып жел маядай еседи.
Кел-кел шаир жырла деген дастьтанды,
Кокке алып сайран етти бостанды.
Сонынг ушын қалем алдым жазбаға,
Бул дасьтанды ақ қағазға сызбаға,
Бул ҳадисе буннан бурын болғанды,
Бир паранынг ядларында турғанды.
Умытсангыз есингизге салайын,
Ҳадисенинг баслыларын алайын.
Балки улу яки жлан жыл шғар;
Кун коринбей басты аспанды бултлар,
Мне сол бир жыллардынг нак гезинде,
Ажайып ис болды қумнынг ишинде.
Кенг салалы жатқан усы Каракум,
Болған бунда нешше адам қара гум.
Танг самалы елпип ескен уағында,
Нурын жайып кун шапағын жайғанда.
Тентиреклеп еки адам келеди,
Қандай ҳаллар боларын ким бледи.
Бир адымды басып алға атлайды,
Қум-да жылжып бир орында жатпайды.
Омир ушын алга аяқ басады,
Қумлар жылжып алдыларын тосады.
Куннинг кози шыққан уақта жарқырап,
Кетти қумлар шамалменен бурқырап.



Ыссы шамал беттен жалап алады,
Журген сайын нур жузлери солады.
Журген сайын минетлери артады,
Отырғандай болса устин басады.
Тау-тау қлып қумларды акеп қосады;
Сонынг ушын алға қадем урады.
Коз алдында тобе қумлар турады.
Брин услап, бри алға журеди,
Коз алдына олим-омир келеди.
Кимди-ким женгерин олар билмейди,
Омир десе, олим деп қум сойлейди.
Тобеден кун, жерден қумлар шыжғырды,
Кептирип танглайын естен тандырды.
Шамалменен шғар қумлар аспанға,
Басланады талас омир бостанға.
„Қанатларын куйдиргенменен қуслардынг,
Жандырғанман туяқларын атлардынг,
Меннен асып қайда сизлер барасыз,
Курт-қумырсқа, қусқа азық боларсыз.
Билсенг мени Қарақум деп атайды,
Ким келсе-де аямайман кушим бар,
Турған жерде саплайтуғын патим бар.
Ҳешбир адам маған жолдас болалмас,
Қаҳарленип келип жамбас салалмас,
Ҳеш адамнынг айтқанына болмайман,
Тиллер катып, олсенг-де тил алмайман.
Қане, сизлер нағып журген бендесиз,
Куры айтеур турған бунда геудесиз",
Дегендей қум усти-устине есирди,
Басларына хауп акелип тусирди.
Сол жерлерде екеуинен шықты ҳауаз,
Омир женгер олимди деп шерткен саз.

* * *

Сол заманда қандай ислер болған жоқ,
Ким тентиреп, кимлер жолда қалған жоқ,
Бир нешелер айрылды ул-баладан,
Қыз айрылды туған ата-анадан,
Кимди байлар сондай сарсанг етпеди,"
Онынг иси еле естен кетпеди.
Жау қолына тускен Кемал, Периза,
Бир бостанлық ушын шықты жазира.

Жау алыста қалды, майдан коп ара,
Булар шығып кетти жолдан сахара.—
Алға таман аяқларын басады,
Бир қараны корсе журек тасады.
Кимде болса жанын қимас олимге,
Жетсем дейди бир жақсылық омирге.
Булар аяқ басып кушлер жыйнайды.
Тобеде кун, жерде кумлар шыжлайды,
Нусер қуйып гейде кумлар борайды,
Тас талқанлап жер жаҳанды орайды.
Шалды кози алда турған қурайды,
Жете алмай бишаралар зарлайды.
Алға атлап журерине дарьман жок,
Ешкимардан басқа маклуқ корген жоқ.
Куте-куте тап сағынып коргендей,
Қайда журсенг менинг асым дегендей.
Қарсы турып булкилдейди тамағы,
Жау усы деп жнгылдайды қулағы.
Оннан отсе тур алдында жапалақ,
Сағымланып коринеди бир булак.
Қайда булак, қайда сулар билмейди,
Созди туйнп қулағына илмейди.
Атқан адым кеин қарап басады,
Зордан зорға бир тобеден асады,
Оннан отсе алдында тур қаракус,
Тарпа басып жегендей бать қара тусь.
Коргеннен сонг буны тури қашады,
Қаны қашып урканаты ушады.
Солай болса ҳамь жакын барып су дейди,
— Су деген не, мен беремен уу дейди.
Мен излеген су емес бир жем дейди,
Олсенгизлер жейтуғын ғой мен дейди.
Барған сайын буынлары босайды,
Денелерин гоне киим басады.
Шеш дегендей ойды қиял басады,
Ахырында сырт киимин таслады.
Тағы-да усти аурлаған усайды.
Дингке кетип, аяқ қолы босайды.
Тула бойда қалған сырга блезик,
Коринеди Перизаға аур жук.
— Адра қалғыр сен жанымды алдынг-ғой,
Басқа аур заулимди сен салдынг-ғой.
Ҳау блезик сенде аур тидинг-ғой,



Қолымдағы тамырларды қидынг-ғой,
Деди-де ол блезигин таслады,
Молдиреген қара козин жаслады.
Бул гезлерде бала шырлап жлайды,
Қоздинг жасын сел-сел қлып булайды.
Гей уақытта асте иек қағады,
Булкилдеген тек журеги соғады.
Қақ айрылып қатып қалған қу лабин,
Тамсанады таппаған сонг илажын.
Ақ суйриктей улпилдеген бармағын,
Аузына сап булкилдетер тамағын.
Бир мезгилде апа имма бер—дейди,
Жан қозынгнынг ҳал-дарьманын кор—дейди.
Оған қайда су беретуғын жан ана,
Ҳал-дарманы кетип турғой пармана.
Не илаж бар қу шандырды салады,
Сорып-сорып естен бала талады.
Су дегендей шоплер қурап сулайды,
Перизадан дарьман кетип қулайды,
Қапталында Кемал турып жлайды,
Басын сипап коздинг жасын булайды,
„Туршы жаным алға қарай барайық,
Тағы журип су керек деп сорайық,“
„Туралмайман менде ҳешбир дарьман жоқ,
Топа-торстан маған келди ажел оқ,
Енг болмаса болса еди бир жутым,
Кетти енди трилиектен умитим,
Деген маҳаль кози оттай жанады,
Моншақ-моншақ козинен жас ағады.
Козден аққан жасы томен туседи.
Лабке тисе тағы бер деп ишеди.
Онынгменен басалмайды ҳаурин,
Табалмады жаннынг ҳазлик таурин.
Барған сайын булдырады козлери,
Лаби қурап сарғаюда жузлери,
Канша азап қиын ҳалда болса-да,
Екеуинде тасламады далада.
Га котерип, га арқалап журеди,
Туршы жаным су жақын дей береди.
„Бунынг сози жалған ҳешбир нанбангыз,
Алдап айтқан созге қулақ салмангыз.
Су деген не, оны ҳеште билмейсенг,
Онгинг туе тусингде-де кормейсенг“,

Дегендей боп ғарқылдайды қарғалар,
Шырлап ушар тас тобеде пошалар.
Буны еситип Перизада жлайды,
Бул созбенен коздинг жасын булайды.
„Омирлигим Кемал созди сен тынгла,
Айтқан создинг ҳақиқатын бир англа.
Айталмайман туел саған созимди,
Тасламағыл улынг менен озимди.
Қара, ане бир кус маған карап тур,
Гош излеген козине кан тарап тур.
Кординг-бе ане ешкимарда карайды,
Олда меннен бир тислем гош сорайды.
Деген созбенен ол орнынан турады,
Котералмай басын қумға урады.
Усы гезде бир саз жаҳан жанглатты,
Зарлы қыздынг мунгын шертип зарлатты.
Безилдеди жолға салған зарлы қыз,
Бринен сонг бри келди избе-из,
„Зарлы заман зар енгреп оттинг-бе,
Сорлы қыздынг басына сен жеттинг-бе?
Аспанда кун кулип неге йошпайсанг,
Бир тамшы суды берип кушпайсанг.
Қуанасанг булт астынан шыққанда,
Не қлады носерингди қуйғанда.“
Деген уақта жердинг жузи жанглады,
Бул ҳауазды путкил маклуқ тынглады.
Ушқан қуспенен журген англар шдамай,
Тум-тусынан алды олар қоршалай.
Жлаған сонг мунгын айтып оларға,
Шопь-те, шар-да қосты зарын буларға,
— Япырмай жан, бир жутым су бармеди,
Бул дуньянынг жузи маған тармеди?
— Қайда болсын бир жутым су Периза,
Қалған суды ишти қашан Қалмырза.
Не қларын билмей, сам-саз болады,
Журекте шер, ғамға кеули толады.
Шырлайды-да тным таппай жлайды.
Бала жақсы—ата ананынг треги,
Омиринде айрылмайтуғын журеги.
Жас баласын Кемал суйип алады,
Ана байғус аузына емшек салады.
Бир орыннан турмай мойнын созады.
Еспе кумды қақ айырып сзады.



Мумкин буннан бизге жардем болар деп,
Дартке дауа, бир ишарат салар деп,
Бишаралар салқын кумнан алады,
Манглайына басып ғам-гун болады.
Жарымайды жардем болып бул қумнан,
Қсындырды қайта буып алқымнан,
Периза ҳамь Кемал турып зарлайды,
Апа-аға су деп бала шырлайды.
Қайғыланған қара думан дастинде,
Болды грян Қара кумнынг ишинде.
Зарлар болып жалғыз жутым суларға,
Болатуғын болды жем анг-кусларға,
Козлерининг алды тнып, булдырар,
Тум-тусынан кесирткелер умтылар.
Қасына кеп сак сақ тышқан турады,
Шак-шақ етип танглайын ол қағады.
Ғарқылдаған карға келип қасына,
Хакке келип шқылықлар басына
Узақ кетпей жапалақ та жалпылдар,
Қанат урып қара кус-та шақылдар.
Олимтикке уймелеген ғарғалай,
Алды ушеуин бари бирдей қоршалай.
Аяғандай болып поша шырлайды,
Қанат қағып аль аспанда пырлайды.
Бул ҳалларды корип Кемал болды лал,
Ажел келип жеттиме деп ол Кемал.
Япырмай-ау сум пайман толдынг-ба?
Науше деин қзыл гуллер солдынг-ба?
Мирими жоқ раҳимсиз Қаракум,
Еткенинг-бе енди бизди қарағум.
Бир мириминг туспеди-ғой балаға,
Оны туған Перизадай анаға.
Тпырлады қанасында жан балам,
Жарык дунья коремен деп ол мудам.
Бикар болды қана бузып шыққаны,
Бикар болды бизге алданыш болғаны.
Усығанда мирimингди салмадынг,
Ата-ананынг зарын хаслан алмадынг.
Деген созди айтып алға қарады,
Бир кок тенгиз коз алдында турады.
Буны корип журеги аттай тулады,
Бул қалай деп тула бойы жулады.
Оркеш-оркеш болып тенгиз шабады,

Ғайып болып кетип, қайта шғады.
Бул бир кайдан келген тенгиз дегендей,
Коз жберсе болады оны коргендей.
Булдыр-булдыр сағымланған кок тенгиз,
Кумнынг ишин алып кетти теп тегис.
— Ане-ане, келди бизге шын омир,
Назер салып алдынгдағы суды кор.
Журь тезирек барып ишип канайык,
Демди алып бойларында қонайык.
Деген созбенен тик алдына қараса,
Ҳеш бир су жоқ сағымлар тур жараса.
Қарағанда козин тгип армаған,
Коринди шанг киятырған бермаған.
Шанг астына қарағанда коз тгип,
Кетти путкил денелери туршигип.
Бул бале шанг қасқыр шғар кияткан,
Билген екен бизди жуда узақтан.
Енди шыннан ит-кусқа жем болармыз,
Елге жетпей Қарақумда қалармыз.
Қасқыр деген жаман нарсе, аямас,
Адам қанын ишип ҳеш уақта тоймас.
Келсе егер тапь береди озинге,
Келип тикке асылады козинге.
Сум қасқырдынг жаман исин блермен,
Оны кормей Перизажан олермен.
Корме сум коз, турли-турли балени,
Жасыр Кемал қолынгдағы баланы,
Айтып аузын жиғанынша-ол болмады,
Дусирлеген ат туяғын англады.
Сол уақытта козин салып қараса,
Корди коп ат ту услаған жараса.
Шанг астында желбирейди Қзыл ту,
Кун нурынан берилгендей алтын пу.
Қайғыланған қара думан серпилип,
Ашылды коз, Қара қумлар косилип.
Нурын жайып куяш кулип жайнады.
Поща торғай аспанда ушып ойнады.
Журек шад боп қуанады тасады,
Атлыларды корип кеул йошады.
Шақыруға дарьманы жоқ жлайды,
Орамалын Периза алып былғайды.
Буны корип олар ҳайран қалады,
Шауып келип қоршаласып алады.



Сойлеуге ҳеш дарьманы жоқ, су дейди,
Аянгызлар бир жутым су бер дейди.
Аттан тусти секирип ер Степан,
Флягадан берди суды сол заман.
Периза ҳамь Кемал козин ашады,
Бир-бреуин куанысып кушады.
Қасынлағы Степанды кушақлап,
Суйип-суйип алды жасы моншаклап.
Астен-астен тамсанады Қалмырза,
Болғандай боп коринеда шын ырза.
Оннан кеин куанады шад болып,
Иди емшек қалған жуда тас болып.
Периза алып жан баласын суйеди,
Емшеги де усти-устине иеди.
Булақ кози ашылғандай болады,
Қуанғаннан тағы жлап алады.
Тум-тусынан анталаған адамлар,
Аты-жонин сорап билди коп ҳаллар.
Балангыздынг атын айтынг бизлерге,
Қайыркомбыз бизлер журген сизлерге.
Мнау байрақ женгислердинг байрағы,
Келди енди азатлықтынг сайраны.
Жау қолынан енди сизлер азатсыз,
Бул Уатанда шадлыкпенен жасайсыз,
Қзыл кран бизлер жаудан қайтпаймыз,
Көринсе жау тас-талқанлап унтаймыз.
Халқ жауын жержузинен айдаймыз,
Улдынг атын айтынг сизден сораймыз.
Бала атын айта алмай турады.
Ерли-зайып бир-брине қарады.
Коп ишинен бреу жақсы ул деди,
Аты Омир болсын енди шын деди.
Басқа атын енди бизлер билмеймиз,
Омир деген атын мақул коремиз.
Усы мақул, деген созлер тум-тустан,
Еситилди адамлардан туысқан.
Бул маҳалде узақ омир жаса деп,
Болсын атынг енди Омир бала деп.
Ҳарь қайсысы қолға алып суйеди,
Омир атлы бала қолда куледи.
Сум олимди женгди деген бир ҳауаз,
Кетти жанглап дунья жузин шерткен саз.
Ертеректе болған бул бир ҳадисе,

Бугин тусти дослар шаир есине.
Отти бастан қайғылы кун қара тунь.
Корсенгизлер енди бизге ашық кун.
Тынгла созди кулақ салып сен қзым,
Бахытлысанг манггиликке жулдызым.
Неге десенг бзинг турмыс гулистан,
Лалазар боп кетти бугин шолистан.
Елим азат бизлер оскен, жер абад
Басымыздан кетти қара мусаллат.
Байлығы мол: Уатаным кенг, шад далам,
Жер кулпырып елим болды абадан.
Торть тулик мал семизликтен шайлаған,
Кенг даланы еркин осип жайлаған,
Корсенг бугин ел арасы цым сулу,
Бағы-бостан болған бзинг жер сулу.
Ойын, кулки шады-қоррам колхозда,
Сазын шертип, қосық айтар бақсы-да,
Сары алтын, патшайыдай кенг дала,
Кырман-қырман пахта бзинг кенг сала.
Омир-де журь усы майдан ишинде,
Жайнап оскен ақ алтынның қанинде.
Аклық, шаулық, суйген Кемал уйинде,
Шадман болып отыр уйдинг торинде.
Паласпенен глемге уйи лық толған,
Булбил ушып гул бағында сайраған.
Бурынғыдай зару емес ол суға,
Откен кунин гурринг етер ул-қызға.
Салмалардан су ағады сарқырап,
Ашылғандай булак кози бурқырап.
Бир уағында майданда сес жанглады,
Оркестрлер шадлы нама ойнады.
Мен-де оған нама қосып сайрадым,
Женгис жрын айтып бугин жырладым.
Жаз калемим шадлы қосық жангласын,
Шад омирде шалқып халқым тынгласын.
Алға басты женгиспенен заманым,
Уят болар буннан сенинг калғанынг.
Шадлы қосықпенен елим жайнаған,
Куанышта қойны толып ойнаған,
Коз тартады ақ пахталар атызда,
Неше турли жемис пискен бағларда.
Коркем дала сауле нурға безелип,
Қетти қиял тум-тусларға тербенип,



Жерде жулдыз, кокте жулдыз жайнады.
Буркып ағып Аму суы қайнады.
Кокте ойнап жмынглаған жулдызлар,
Бул қалай деп бир-брине сбырлар.
Турмысы шад табылады кереги.
Кемал жетти бугин нурлы турмысқа,
Комеклесер атыздағы жумысқа,
Усы еди бир ойлаған тлеги,
Питкен ғайрат талмайтуғын блеги,
Кемал биик дарья жарында турып,
Кеули тасып кетти ҳалласлар урып.
Қасында тур келин менен Периза,
Енди жери емес онынг жазира.
Еки ақлық баласы-да келеди,
Беттен суйип аймаласып куледи.

*1951-жыл. Нокис.*

## БУЛАР КИМ?

(*Партизан гуррингинен жиналған материаллардан*)

Пароходтынг париги айланып, еки-ушь мартебе бақырған сонг, Амударьянынг ылай суын тумсығыменен айырып жолға рауан болды. Бул маҳалде партизанлар „Совет ҳукимети ушын!“—деген қосықты айтып, дарьянынг ишин жанглатты. Ҳарлаған пароходтынг париклери дарьянынг астан-кестенин шғарды. Пароходтағылар кзу гуррингге кристи, созь бреуден кошип екинши бреуге, оннан тағы бреулерге барады, ҳарким озининг корген-билгенлерин айтады, озь омиринде кандай ҳадиселерге гезлескенин гурринг клады. Гейпаралары жоқ жердеги ертеклерди айтып ишек-сленгди қатырады. Олардынг созлерининг акыры Нурекеге ямаса Баймуханға соғады, отырғанлардынг кобиси солардан бир нарсе тынглағысы келеди. Шетиректе отырған карапаренг жгит орнынан ушып турып:

— Жолдаслар, бизге Нуреке гурринг айтып берсин,—деди. Оны отырған адамлар қол шаппатлап карсы алды. Есик алдында турған узын бойлы, шоқ сақаллы кси бирден басын котерип ала салып, „бизге Тазқарадағы ҳадиселерди айтып берсин“ дегенде:

— Соны айтсын деп журт шу ете тусти.

Кунименен алдын ойлап уллы хиялға батып отырған Нуреке бирден басын котерип алып, бир турли аянышлы ҳалменен „Жақсы жолдаслар, барлық ис маған қалған болса, айтайын“,—деп созин баслады;

...— Алып кеткен нарселерди сол 80 адам болып Шағал тоғайынан шғардық. Тунименен адам жберип тум-тустан хабар алып, Чимбайға қарай журуге бел байлап жол тарттық. Гуздинг қонгыр шамаллары қандай жақсы беттен суйип қарсы алады. Биз тунименен



журип Тазқарадағы Ерназар келтенинг уйине жақынлай бергенде алдымыздан еки адам шғып, бир қағазды берди-де кеин қайтты. Қағазды алып оқып қарасақ қысқа ғана „Большевиклер олим жайынгызға келдингиз“ деген екен.

— Бул кандай ауҳал, енди не ислеу керек? Кеин қайтуға болмайды, жолдынг еки жағына болинип орын алайық десек, тағы мумкинлик болмады. Қулласында тексере келгенде жаудынг ортасында қалғанымызды кордик. Бир канщалар урыспастан жау-жаракты берип шға беру керек. Адам олмесин „қан тогилмесин“ деген пкирди қоллады. Гей бреулеримиз қурыдан-қуры жаудынг қолына тусуге болмайды, бир қасық қанымыз қалғанша атысу керек“ деп карсы турып алдық. Сонынг арасынша торть ҳамде соған бел байладық. Сонынг арасынша торть тарептен қуырмаштай оқ куйдырылды, ҳарькайсысымыз тиисли жерди алып атысуға кристик. Онынгменен ҳешқандай илаж болмады, ауҳал қыйыншылыққа айналды, жаулар женгилетуғын болмады. Пулемет ататуғынларға команда берилсе, озинг бахытымызға олар оқты ылғи аспанға қарап ата берди. Буғадан суть кутсек-те олардан жардем кутуге болмады. Солманда командир пулеметчиктинг бреуин атып олтирди, соннан сонг қалғанлар жонлеп иске крискен болды, онынгменен жардем болмады. Енди сонгын байқасақ, пулеметчиктинг баслығы душпанларға сатылған итаршы екен.

Бизлер бас паналайтуғын ҳешбир илаж болмады. Урыс жағдайдынг жаман ебетейсиз келуининг аркасында сол жерде жгирмалаған партизанларға оқ тиип олди. Булар ким, халқтынг уллары, революция исинде қурбанлар. Қалғанларымыз плен болып қолға тустик, душпан тарепи-де аман қалған жоқ, олардан-да бирқаншасы олди. Урыс питкен уакытта танг еленг-қуланг болып атып киятырған еди. Куннинг шғуыменен Атаман Михаил Фильчев, Ханмақсым, Инят болыс, Ибрайым болыс, Сейтназар хажылар тап болды, олардынг қатнасыменен бизлерди жыртқышлықта қинады. Командиримизди атып олтирип, солманға таслап кетти. Қалғанларымызды Халқабатқа қарай айдай баслады. Халкабатқа жақынлаған жердеги бир аулда мен қашуға бел байладым, бул ҳаққында маған жардем берген ксини омирим-де умытпаспан.

Мен қашып киятырман еки козим артымда. Жол

таслайман. Бир уақытлары алдымнан губирлеген адамлардынг сести шықты, Қаяққа қашарымды билмей жаман састым.

Еки козим тасырайып, уясынан шғып кетги. Тумтусқа коз жберип қарасам онг қаптал бетимдеги бир топ ақ шенггелге козим тусе қалды, дарьҳал озимди ақ шенггелдинг тубине урдым. Аллен уақытта адамлар тусымнан отип кетти. Кешке қарай шенггелдинг астынан шғып, қайыққа келип, дарғашы болып, бир неше уақыт журип, ақырында Атаман Михаил Фильчевтинг адамларын еплеп қолға тусирип" сизлердинг пуқарангыз едим" деген созбенен, ол исенип маған мна қағазды берди. Нуреке созин болип қалтасынан бир жапрақ қағазды алып корсетти. Отырған адамлар шуйиркелесип барлығыда қағазға унгилди. Ҳаммеси қағазды қолына алып бир қатар козден откерди. Дослепки жгит тынглаған сайын тынгласам екен дегендей:

— Сонынгменен не қылдынг?—деп бетине қарады.

— Не қлатуғын едим, усы қағазды алған сонг Торткулдинг жолы қайсысанг деп тартып отырдым. Қаратаудынг қара тасын қиясынан басып журип киятырман. Аяғыма киген байпақ путкиллей истен шықты. Озим-де шаршадым, журуге аяқ путкиллей жарамай қалды. Брақ солай-да болса барлық қыыншылыққа шдам берип алға умтылып Шаббазға келип, ондағы ауҳалменен танысып, тоқталмастан журип, Торткулдеги ревкомға келип, ауҳалды тусиндирдим. Отырған адамлар қиналған турменен Нурекеге тағы бир қарасып қойды. Харбри озь ишлеринен жырткыш жауларға налет айтты: Сизлер қутыла алмайсызлар,—деген сеслер ҳаржерден еситилди. Тусирген уақытларда дарьянынг туслик жағасынан гурпилдеген мылтықлар атылып, шуйкилдеген оқлар тум-тусымызды алды. Командир „Ш"-да команда берди. Пулеметтен қуырмаштай оқ қуйдырылды. Партизанлар тум-тустан оқ қоюменен душпанменен алысты, жау женгилип басқы тауып қашты. Оларды женгип тас-талқан қлып енди журуге қараған уақытта, дарьянынг арқа бет тарепинен Ханмақсым менен Михаил атаман огрядлары оқ қуйдырды. Атылған оқлар шуйкилдесип тум-тустан отип атты. Ақырында болмаған сонг пароходты дарьянынг арқасына шғарып, бир неше адамларды пароходтан тусирип, жол бойынша атыса баслады. Пароходта журуди тоқтатпастан алға қарап ықты. Бурқылдаған тутинлери будақланып алысып аспанға атылады, мылтықлардан шыққан тутинлер оларға қосылып аспаннынг кенг қушағынан орын алады. Оннан арьман қарай журип кетуге хешқандай мумкиншилик болмады. Дарьянынг туслигинен Ханжанеуит адамлары, арқадан Михаил атаман менен Ханмақсымлар қоршалады, енди қандай илаж қлу керек. Қалай-да болса бизге Нокисти алу—лазым. Қыз-кеткеннинг сағасында жатқан жауларды талқанлауға буйрық болды. Буған жане тағы бир нешше адамлар кететуғын болды. Олардынг баратуғын бир ғана жолы бар, ол да болса дарьянынг арқа жағындағы тик жардынг астыменен баруға тура келеди. Усыған бел байлап адамлар журди, тик жардынг астына тускен уақытларда дарьянынг арғы бетинен зуылдаған оқтынг сести келе баслады. Бул оқтан екиушь адам олди. Бул жолменен-де алға қарап журуге ҳешқандай мумкиншилик болмады.

Бир маҳаль дарьянынг туслик тарепине коз салып қарағанда Тахиа-таштынг устинде тик жарға тускен адамларды атып турған бреу коринди. Мерген болсанг сондай бол, сол адамды қараулға қойып қзыл Аскер Нуреке атып жберип еди, таудан домалаған тастай болып жерге қарай домалады, атакаға команда берилгенде тик жардынг астыменен тоқтамастан барып Қызкеткен-нинг сағa бети бомбаланды. Жау тотепки берип тура алмастан Шатлыға қарай қашты, пароходта жол ашылды дегендей, дарьяны тумсығыменен қақ айырып, еки-ушь мартебе тағы-да бақырып алға журди, душпанлар Шатлы жағасында-да тура алмай тағы-да арман қашты. Бир маҳалде пароход дарьянынг ортасында тийип қалды, козинг жаманлық кормесин, бзинг устимизге қарай тум-тустан оқ қуйылды.

Бизлер-де қарап турмай тум-тусқа қарап оқ аттық. Қзыллардынг топшыларынынг командири жаманлық еткени ушын еки топшыны атып таслады. Қалғанлары озлерининг исине кристи. Топларды атқан уақларда жер-аспан гунгренип, астан кестен болды, душпан бир уақлары пыт-шыт болып қашуға қарады. Алле уақытта тийипатырған пароход теренгге тусти. Нокис жағасына тусип, сол куни-тунименен Нокисти қамап, танг еленгкуланг болып атып киятырғанда қаланы алып, Совет ҳукиметининг туын тиктик.

# ТОРТЕУ ТУЕЛ БОЛСА ТОБЕДЕГИНИ АЛАДЫ

**(Қуыршақ театры ушын халқ ертеклери тикарында исленген еки актлы пьеса)**

## ҚАТНАСУШЫЛАР

1 Пьесаны алып барушы
2 Ешек
3 Огиз
4 Қораз
5 Ҳарре
6 Тулки
7 Қасқырлар

Пьесаны алып барушы—(*Крип келип*) Ерте айем заманда, ол заманнынг кадиминде, бир бар екен, бир жоқ екен, ала ғарға азаншы екен, қара ғарға қазаншы екен, бодене боргилдек екен, қырғаул қызғалдақ екен, туйе тенгкеул екен, сиыр сенгкеул екен, ерте заманларда бир тулки болған. Ол тулкининг есигинде хызмет қлатуғын бир ешек пенен бир огиз бар екен, бунынг екеуи бир жерде жасағанменен, екеуининг тағдири еки турли болған. Огиз ҳарь куни баскалардынг ислейтуғын жумысларын бул бир кунде болып, кеште шаршап олейин деп турса, тулки оған жуерининг қатқан еки ғана шинггиригин алдына салады. Ал бунынг есабынан ҳаркуни ешек азаннан кешке деин куншуакта жатып, аспанға ақырып қосықлар айтады. (*Сол уақытта ешек ақырады, музыка*) Ане еситтинiиз-бе? Мне усынынг ушын болса керек, тулки ешекти жаксылап бағады, су орнына суть, шинггирик орнына енг жақсы жузим, басқа жейтуғынларынынг орнына майса когерген жонгышқа береди. Қанша силаса-да, гейпара уақларда жумысларда ҳарып-шаршаған уақларда огизден-де бетер урады. Ал сорлы огиз жаман, қатқан шинггирикке-де гейпара уақларда зар болады.

### 1-АКТ

Ешек иште шопь жеп турады (*музыка*), сол уақта огиздинг устине тулки мнип келип. бас демей, коз демей, ура береди. Сахнаға крип келген уақта дарьҳал огиздинг устинен тусип, бир қазыққа байлап:

Тулки —Мне мнау сенинг ауқатынг, ертенгге шейин тамағынгды тойдырып ал (*огизди урып, ешек-*

*тинг қарсы алдына барып, тсин ыржитып*). Қане, маған бир нама салып бер!—дейди.

Е ш е к—Ажеп, болады аға! (*Қатты турып бар даусыменен ақырады*).

Т у л к и—Сен-де акмак болайын деген екенсенг, даусынгды неге буздынг? Енди сенинг бетинге кулип карауға болмас. Тут қане жауырнынгды, мен саған нама салудынг жолларын корсетейин (*ырғып ешектинг арқасына мнип, бас демей, коз демей, урып-урып шғып кетеди. Ешек қатты дауспенен жлайды, оған огиз-де қосады*)

О г и з—(*жлап*) мен бахытсыз екенмен, бундай азап-акретлер корип жургеннен, олгеним жақсы емеспе, ҳай худай, не ушын мени бундай аур ауҳалларға қойдынг?!

Е ш е к—Таяқты жеген мен, огиз, сен неге жлайсанг?

О г и з—Ешек жора, мен неге жламайын, озим аур жумыстан шаршап олейин деп шықсам, ол арқама мнип, келгенше шауып келгенименен турмай, мени мна ашлыққа қамағаны жанымды алып баратыр.

Е ш е к—Аштан олип баратырман дегенше, алдынгдағы отынгды жесенг болмай-ма, менинг-де ауҳалымды корип турсанг-ғой, ҳарь не иске қайыл болу керек достым.

О г и з—Мен от жемек туе, шаршағанлықтан, аяқ устинде тура алмай турман. Бул бир жағы болатуғын болса, екинши мна жағымдағыны жеп болмайды, тастан-да катты.

Е ш е к—Ойбой, жора, мен жаман азаплар кордим десем, сенинг ауҳалынг дымнан жаман екен, олай болатуғын болса, сен менинг тамағымнынг жартысын жей-ғой.

О г и з—Раҳмет жора, егерде бугин сенинг меҳрибанлығынг болмағанда, мен аштан олип қалған болар едим.

Е ш е к—Ой, жора, мен сени жуда қатты аяйман, мналардынг ҳаммесин жей-ғой, ишинде мазалы жузимлер бар, терип же, бреуинде қалдырма.

О г и з—Раҳмет достым саған, „жарлынынг бир тойғаны шала байығаны" дегендей, бугин бир тойып қалайын (*қатты асап жей баслайды*).



Е ш е к—Ҳау достым огиз, тамақ жегенде козингди жумғанынг не?

О г и з—Қуанғанымнан достым, неге десенг, бундай мазалы тамақты омиримде жегеним жоқ еди.

Е ш е к– Жақсы, огиз жора, олай болатуғын болса, ендигиден блай мен саған кун сайын жейтуғын тамағымнынг жартысын берип турайын.

О г и з–Мне, сен маған қандай доссанг. Сенинг бул дослығынгды омирде умытпаспан!

Е ш е к=Же достым, қашан болса-да, бир уақлары есапласармыз.

Б а с л а у ш ы—(*Бир шеттен крип келип*) Мне, булар усы куннен баслап екеуи дос болды, булар жейтуғын тамақларын болип жеди, ане, булардынг иеси тулки киятыр, ол буларға қандай қарар екен (*шғып кетеди*).

**Т у л к и**—(*крип келип*) Ха, ақмақ ешек, „жетимнинг аузы асқа тисе, мурны қанайды" дегендей, сен жақсылықты билмейди екенсенг, жақсы тамақларынгды озинг жеместен, басқа бреулерге беретуғын болсанг, мен саған корсетейин! (*бир таяқты алып урып-урып, алдындағы тамақты алып шғып кетеди*).

Е ш е к– Уай-уай! Етим ашып баратыр-ғой!

О г и з—Залым жаман урды-ау достым!

Е ш е к—Мне, достым, енди бизлер қандай кунлерге келип жеттик!

О г и з—Азаннан кешке шейин мойынларымыз аурып, тынбастан жумыс ислеймиз, сондағы беретуғыны қатып қалған жаман шинггирик пенен бир шелек су, буннан кун болды-ма?!

Е ш е к—Мен саған жақсылық етемен деп, жаман ауҳалға тустим (*жлайды*).

О г и з—Жлама достым, саған қарағанда менинг ауҳалым жуда жаман.

Е ш е к—Огиз жора, сен аш болғанда мен саған жардем берип едим, енди менинг ауҳалымды озинг корип турсанг-ғой, қане маған алдынгдағы тамағынгнан аз-маз берсенг, азғантай тамсанып турайын.

О г и з—Уай-бой, достым, ози бир қамтым шинггирик, бул менинг озиме-де жетпейди-ғой, брақ солай-да болса, сенинг еткен жақсылығынг ушын мен саған жартысын берейин, ал же достым.

Ешек—(*Жеп атырып*) Бизлерге сондай азап бер-

генцей, бзинг қандай гунамыз болды, оған қандай жаманлық иследик?

О г и з - Блесенг-бе ешек жора?

Е ш е к—Не нарсени?

О г и з—Аржағынга қара, бреу тынглап турған болмасын.

Е ш е к—(*Қарап*) хешким-де жоқ.

О г и з—Ал, олай болатуғын болса, менинг тлимди алсанг, буны бир жайлы етейик.

Е ш е к - Қум аузынга, екинши ондай созди айтпа, бул кунимизден-де айрылып қалармыз!

О г и з—Асте сойле, азаптан қутыламан десенг, соны услеу керек.

Е ш е к—Оны қалай услеймиз, сонда усы азаптан қутыламыз-ба?

О г и з—Албетте азаптан қутыламыз, егерде екеумизднинг аузымыз бир болса, оны жайғастыру дымнанда онгай.

Е ш е к—Қалайша?

О г и з—Ол усыманға келип екеумиздинг бреумизге азап-акретлер беретуғын болса, дарьҳал қайсымыз болсақ-та бас салайық, менинг алдыма келсе, шақыма мингизип, аспанға атайын, ал сенинг алдынга келсе тисле, арт жағынгнан келсе теп, ол бзинг туримиздинг бузықлығын корип, ҳарқилы созлер айтып, уаделер берер, ант-сулар ишер, бизди алдамақшы болар, брақ оған кону керек емес!

Е ш е к—Бул қалай болар екен?

О г и з—Бул жуда жақсы болады, биз усыны ислесек, устимиздеги тулки залымды жоқ қылсақ, сонда бзинг жеримиз (*музыка еситиледи*) дунья жузиндеги енг ҳауасы таза, устинде кок бултлар жайнап турады, жаплардан гумис сулар сарқырап ағып турады. Айналасында ҳарқилы жемислер-жузим, миуелер, жанынга не керек болса бари-де табылады. Сол кунлерде булманларда арпа, будай, майсалған коклерменен гуллеген жақсы жонгышқалардынг барлығы-да оседи. (*Музыка птеди*).

Е ш е к—Егерде ондай болатуғын болса, мен ҳарь иске-де қайылмал (*қатты бақырады*).

О г и з—Асте ақырын, сен мна даусынгменен путкил аулды оятасанг.

Е ш е к—(*астен*). Жақсы достым, мен ундемейин,



тек тез ғана кеулге алған мақсетти орынлайық (*екеуи бригип қосық айтады.*).

Парық емес бизлерге қар менен жауын,
Шахмақлар шағылып, ойнасам кокте.
Енди биз куртамыз турмыстынг жауын,
Қлышы жаланглап турса-да усте.

Кушти қосып тақ турсақ,
Тулки ушар аспанға.
Женгер жауды бзинг жақ,
Тулки ушар аспанға.

Е ш е к—(*Астен*) Огиз жора, „уй меники деме, уй артында кси бар“ деген, жангағы тулки тынглап турған болмасын.

О г и з—„Байға малынгды сатқанша, жақсыға жанынгды сат“—деген достым, аузға келгенин сойлемейик, ладаннынг иси, ауел бир созди айтпа, айтқансонг, қайтпа, бир исти қолға алған екенбиз, енди оннан қайтуға болмайды.

Т у л к и - (*Тсин ыржитып крич келип*) Мен жанга уйықлап жатырғанда бир қосық еситтим, айтқан сизлер-ме?

Е ш е к—Ауа, бизлер.

Т у л к и—Қане, мен озь қулағыммменен еситейин, айтынгыз.

Е ш е к—Қане, тынглангыз, биз айтайық (*екеуи қосып айтады*).

Парық емес бизлерге қар менен жауын,
Шахмақлар шағылып ойнаса кокте.
Енди биз куртамыз турмыстынг жауын,
Қлышы жаланглап турса-да усте.

Кушти қосып тақ турсақ,
Тулки ушар аспанға
Кушти қосып тақ турсақ,
Тулки ушар аспанға.

Т у л к и—Неғылдейди, сизлер қутырған екенсиз, мен сизлерге кормес хорлықты корсетейин (*келип огизди урмақшы болады, огиз кеинге басип турып, қатты шақыменен бир суседи, тулки ешектинг артына барып туседи, ол тебеди, ол бир есе теуип,*

*бир есе тислеп ҳамь сузип, тулкини олтирип далаға шғарып таслайды.*)

Огиз—„Коптинг дангқы асар, жалғыздынг куты қашар“ деген, ҳаруақытта бирликтинг жықпайтуғыны жоқ достым, кординг-бе, жанга бир майданда устимизден қамшы ойнатқан залымнынг кулининг кокке ушқанын қара!

Ешек—Қане, сонынг ушын бир қосық айтайық.

Огиз—Мнау сумды далаға шғарып, гум қлып кел, соннан сонг айтайық.

Ешек—Ажеп, болады жора, ҳазир жайғастырып келемен (*алып шғып кетип, бир аздан сонг келип*) қане баслайық.

Парық емес бизлерге қар менен жауын,
Шахмақлар шағылып ойнаса кокте.
Биз курттық мнекей турмыстынг жауын,
Қлышы жаланглап турса да усте.

Кушти қосып тақ турдық,
Тулки ушты ;аспанға.
Залым торын биз уздик,
Тулки ушты аспанға.

Қораз—(*Ақсанглап крип келип*) Уху- Ухуу! Салем дослар!

Огиз—Салем қораз!

Ешек—Салем достым!

Қораз—Мен ақсанглап олейин деп журсем, сизлердики не шадлық?

Ешек—Кормейсенг-бе, бизлер залым тулкини қумбыз базарына жбердик.

Қораз—Қайда дейсиз?

Ешек—Кумбыз базарына деймен!

Қораз—Қалай-қалай, бул қандай гап!?

Ешек— Бул сондай, бзинг устимизде ҳуким сурип, хожайынлық қлып журген тулкини олтирдик, енди озлеримиз жасап, озимиз хожа болып, жерлеримизди гуллендирип жайнатамыз.

Қораз—Ондай болатуғын болса, мумкин-бе, маған сизлер менен бир омир суру?!

Огиз—Сен-де азап корип журсенг-бе?

Қораз—Менинг корген кунимди айтпа достым, менинг корген кунимди итке бермесин. Мен қанша



ҳақ ниетпенен ҳызмет қламан, куни-туни отыздай тауык бағаман, енг болмаса сол минет куним ушын маған тамақ-та бермейди, сонынг ушын мен уйлердинг есигининг алдындағы қиларды ақтарып тамақ излеймен, айтеуир олместинг кунин етемен. Кеше кеште мен бир қонгсы уйдинг есигининг алдынан ушь туйир гуриш тауып алған едим, қонгсы уйдинг қатыны маған атешкир таслап урып, аяғымды сындыра жазлады. Соннан берли ақсап журмен.

Ешек—Сенинг-де ауҳалынг жаман екен-ғой.

Қораз—Жаман болғанда несин айтасанг.

Огиз—Сойтип сен-де соры қайнаған мақлуқпан десенгши!

Қораз—Сенинг жақсы ислеген ҳадал минетинг туе, темир атешкир менен урғанын айтсангшы, буннан қандай турмыс болар?

Огиз—Омир бойынша сенинг-де азап коргенинг белли болды, достым қораз.

Ешек—Мне, енди озимизге-озимиз хожа болып, шад турмыста жасаймыз.

Қораз—Мени-де қасынгызға қосып алынгыз.

Огиз—Жақсы, болады, ондай болатуғын болса, бизбенен бирге омир сурь, шад болып жаса.

Ешек—Қораз жора, қосық айта блесенг-бе?

Қораз—Билгенде қандай, мне саған керек болса Уху-ухуууу!

Огиз—Қане, бизлерге қосыл (*Қосық айтады*)

Парық емес бизлерге қар менен жауын,
Шахмақлар шағылып, ойнаса кокте.
Биз курттық мнекей турмыстынг жауын,
Қлышы жаланглап турса-да усте.

Кушти қосып тақ турдық,
Тулки ушты аспанға.
Залым торын биз уздик,
Тулки ушты аспанға.

Ешек—Тоқтангызлар, ҳарре киятыр, ол бизлерди шағады.

Қораз—Қане, келсин, мен оны жутып таслайын!

Огиз—Тоқтангыз, тоқтангыз, хэй ҳарре, бунда келинг неғылып журсизлер? Бизлер ушын қандай жақсы нарселер таптынгыз? Менинг байқауым бойынша

сизлер жуда шад қусайсыз, егерде жаксы турмыста жасағынгыз келсе, бизлерменен болынгыз.

Ҳ а р р е—Сизлер қайда барасызлар?

О г и з—Бизлер ҳешжаққа бармаймыз, биз тулки залымнан азат болдық, енди озь жеримизге минет етип, гул қлу ушын атыз майданына атланамыз.

Е ш е к—Биз бул жерде жақсы минет етсек, бул дуньядағы енг жақсы, таза гумистей сулы, гулленген лалазар жер болады.

Ҳ а р р е—Булман-да гул-де болама?

Қ о р а з—Сорама, жайнаған гуллер усыманда болады.

Ҳ а р р е—Ондай болса, бизлер-де сизлер менен боламыз.

Е ш е к—Егер бизлер менен болатуғын болсангыз, ҳарре жора, бизлерди шақпангыз.

Ҳ а р р е—Биз ҳаррелер ҳешқашан-да жақсылыққа жаманлық етпеймиз.

О г и з—Кане, ондай болатуғын болса, журингиз, жердинг басына барып, жерди гул-ала гул дондирейик.

Ҳ а р р е—Тоқтап турынгыз, менинг жолдасларым бар еди. Соларды шақыру мумкин-бе?

О г и з—Жолдасынг бар болса, қалдырмай барин-де шақыр.

Ҳ а р р е—Рахмет сизлерге дослар, сизлер журе беринг, бизлер ҳазир ушып жетемиз. (*ушады*).

Қ о р а з—Уху-Ухууу! Буларменен журу қандай кеулли, кане, келингиз қосық айтайық.

Парық емес бизлерге қар менен жауын,
Шахмаклар шағылып, ойнаса кокте.
Биз курттык, мнекей турмыстынг жауын,
Қлышы жаланглап турса-да усте.

Кушти косып тақ турдык,
Тулки ушты аспанға.
Залым торын биз курттык.
Тулки ушты аспанға.

П ь е с а н ы а л ы п б а р у ш ы—Мне сонынгменен сап қатар дзилип: Қораз, Ешек, Огиз жолға рауан болды, ал булардынг устинен шадлы турде қанатларын қағып ҳаррелер ушып, ҳаммеси жамь болып, ҳызмет қлып, жерлерин гул-ала гул лалазар қылды. (*Сахна ашылады*)



## 2—АКТ

Жаплардан сулар ағып, онынг бойында кок майса шоплер ырғалып турады. Онынг менен бирге ҳаркилы дакыллар писип турған. Ҳаркайсысы озлеринше жумыс ислеп жатады.

Е ш е к—(*Огизге*) Усыны ойлап тапқанынг ушын саған мынг мартебе рахмет! Сонынг ушын саған бир қосық айтып берейин (*керилип турып бир ақырады, сойтип, тау жаққа қулағын ткирейтип қарап*) Ҳау, достым, огиз, ана таудан берман қарап ала қуйын болып киятырған не?

О г и з—Не қыл дейсенг достым?

Е ш е к—Узақтан бизлерге қарап бир нарселер киятыр, ане, кординг-бе?

О г и з—Қане, қораз, сен теректинг басына шығып қара, кимлер екен?

Қ о р а з—(*Теректинг басына шығып*) Уху-ухууу! Олар таудан киятырған қасқырлар. Олар бизлерге қарап ат қойып киятыр.

Е ш е к—Ол жаузлар бизлерге ат койып киятырған болса, олар бизлердинг тас-талқанымызды шғарады. Енди бизлер не қлармыз?

О г и з—Қане қораз, жина барлығын, келсин мунда!

Қ о р а з—Уху—Ухууу! Барлығынгыз-да келингиз мунда! (*Ешек ақырып, Қораз шақырып, Ҳарре ызылдап ушып келип, жинала баслайды*),

О г и з—Барлығынгыз-да жиналдынгыз-ба?

Б а р и—(*хорменен*) Ауа, барлығымыз-да таяр!

О г и з—Бизлерге залым қасқырлар ҳужим етип киятыр, олар келип шапқанда, ҳаркайсымыз тум-тусымызға қашуымыз керек-пе, ямаса табан треп, жауға соққы беруимиз керек-пе? Соны тағы-да ойлауымыз керек, ҳаркимнинг жери озине Мсыр, ел базар, елден шыққан азар!

Қ о р а з—Мен не қламан, менинг қлатуғын талабым, теректинг басына шғып, уху—ухууу! деп шақыраман, сонынг менен олардынг ортасына ғауға салып, тартибин бузаман.

Е ш е к—Мен озь орнымда турып, барлық дауысқа салып ақыраман, оннан басқа қасқырлар алдымнан келсе тислеймен, артымнан келсе тебемен.

Ҳ а р р е—Ал биз ҳаррелер, қасқырларды аямастан

шағамыз, соннан кеин бзинг шаққан жерлеримиз гуп-тей иседи.

Огиз—Ал, қалғанын менинг озим ислеймен, со-нынгменен душпан келгенде; кашпастан табан треп қарсы алуымыз керек.

Қораз—Уху-ухууу! Ане, қасқырлар келди, урынг-лар жауды! (*Қораз шақырады. Ешек ақырады, Ҳар-релер ызылдап ушады, музыка еситиледи*).

Ҳадден асқан қаскырлар келип, ешекке асылады, ешек тебеди ол огиздинг алдына туседи, сол маҳалде артқа шегинип барып, шақыменен бир сузгенде, кас-қыр анадай жерге домалап кетеди, ҳаррелер барып шағады, онынг шаққан жерлери иседи, жардемге кел-генлериде сондай дакки-ге ушырайды, огиздинг берген соққысынан қорқып Қасқырлар қашады, Ешек ақырып, Қораз шақырып, Харрелер ызылдап ушып, изинен қуады.

Пьесаны алып барушы—Мне, қасқырлар корыққанынан тазыдан қашқан қояндай, змырап жоқ болды. Ал, бзинг батыр дослар болса, шады-коррам-лықпенен озь жерлеринде омир суруде.

Кордингиз-бе балалар, „Алты ауз ала болса, алда-ғы кетер, тортеу туел болса, тобедеги келер“ деген, булар бирликпенен туел турған еди, ози урынып кел-ген қасқырлардынг кулин кокке шғарып жок етип, усы кунлерн-де сол жерде бахытлы омир сурип жа-сауда.

(*Музыка*)

ПЕРДЕ ЖАБЫЛАДЫ.

*1947-жыл, Нокис қаласы.*

МАЗМУНЫ

| | Бет |
|---|---|
| Жангарған улке | 3 |
| Жанга алип | 5 |
| Атлан иним | 6 |
| Колхозшынынг қосығы | 9 |
| Крис иске | 12 |
| Жазылды тарих бетинде | 14 |
| Мойнак | 16 |
| Жанга аул | 21 |
| Колхоз аулы | 27 |
| Олди деуди айтуға тил бармайды | 30 |
| Ленин сози | 33 |
| Капитан | 36 |
| Кормедим | 42 |
| Ғаҗжа-ғаж | 43 |
| Иним | 44 |
| Торежан | 45 |
| Қзым | 50 |
| Орамал | 51 |
| Косык | 52 |
| Дослык ушын | 53 |
| Фашистлерди унтадык | 55 |
| Арзайым | 56 |
| Ҳарымасын | 58 |
| Шадлык косығы | 59 |
| Исти кыздыр | 60 |
| Ҳешбир кашан бағынбаған адамға | 61 |
| Алға кадем басамыз | 62 |
| Баҳарь | 64 |
| Менинг кзым | 65 |
| Ленинград даптерйнен | 66 |

Салем саған Ленинград . . . . . . . . . . . . . . . . . . —
Жулдызлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Ойнаған . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Ильич шрағы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 68
Балға-орақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Пушкин . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
Наборщиклер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 72
Кок-чай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
Мен-де октябрь улыман . . . . . . . . . . . . . . . . . 77
Қайшы кулақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Сапура . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
Туылған жер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 98
Омир . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Булар ким . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 120
Тортеу туел болса, тобедегини алады . . . . . . . . . . 125
Мазмуны . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 137

*На каракалпакском языке*

*Асан Бегимов*

ОБНОВЛЕННЫЙ КРАЙ

Редактор *Т. Нажимов*
Художестволық редактор *Қ. Бердимуратов*
Техредактор *Ф. Фахрутдинова*

Теруге берилген уақты 11/VII-1960 ж. Басуға рухсат етилген уақты 17/X-1960. РК 30037. Қағаз форматы 84X108 1/32. Колеми 8,75 баспа табақ. 7,18 шартли баспа табақ. 7,5. есап баспа табақ. Тиражы 3000. Баҳасы 3 м. Муқабасы 1 м. 50 т.
1961-жыл 1 январьдан 45 т.

Қарақалпақ мамлекет баспасы
Нокис қаласы, Карл Маркс кошеси, 3.

ҚҚАССР Маденият министрлиги
Нокис Полиграфкомбинаты. Заказ № 253.